WO’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

QARAQALPAQ FİLOLOGİYASI FAKULTETİ

Qaraqalpaq filologiyasi’ fakulteti dekani’:_________f.i.k. Q.Turdi’baev

«_______»__ _____________2011-j

**5220100- Qaraqalpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag`dari’ni’n` 4-kurs studenti Palwaniyazova Ramila Maratovnani’n’ «Milliy oyani’w da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’nda yumor ha’m satira» degen atamadag’i'**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMI’SI’

Jaqlawg’a ruxsat berildi

Qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’ ha’m folklori’ kafedrasi’ basli’g’i' f.i.d.,prof. Q.Jarimbetov ________

«_______»______________2011 j

İlimiy basshi’: f.i.k.,doc.S.Matekeev

_____________________

_________________M.Orazi’mbetova

**No’kis – 2011 j**

**Ma'mleketlik Attestatsiya Komissiyasi'ni'n'**

**QARARI':**

5220100- Qaraqalpaq filologiyasi' Qaraqalpaq tili ha'm a'debiyati' qa'nigeligi bakalavr bag`dari'ni'n' pitkeriwshisi Palwaniyazova Ramilani'n' «Milliy oyani'w da'wiri qaraqalpaq a'debiyati'nda yumor ha'm satira» atamasi'ndag`i' pitkeriw qa'nigelik jumi'si'na

«_________» ball qoyi'lsi'n.

**MAK basli'g'i':** _____________ ________________________

**MAK ori'nbasari'** _____________ ________________________

**MAK ag`zalari':**

_____________ ________________________

_____________ ________________________

_____________

________________________

_____________

________________________

_____________

________________________

**Mazmuni':**

**Kirisiw**

**I. Bap. Milliy woyani'w da'wiri qaraqalpaq a'debiyati'nda satirali'q qosi'qlarda da'wir haqi'yqatli'g'i'ni'n' sa'wleleniwi**

**II. Bap. Yumorli'q qosi'qlardi'n' tematikali'q bag'dari'.**

**III. Bap. Yumor-satirali'q qosi'qlarda ko'rkem su'wretlew qurallari'ni'n' qollani'li'w wo'zgesheligi.**

**Juwmaqlaw.**

**Paydalani'lg'an a'debiyatlar.**

# Kirisiw

O'zbekstan respublikasi' wo'z g'a'rezsizligine yeriskennen baslap milliy ma'deniyati'mi'z, a'debiy miyraslari'mi'z haqqi'nda jan'asha pikir bildiriw, xalqi' ushi'n xi'zmet yetken ulli' insanlardi'n' xi'zmetlerin duri's ha'm a'dil bahalaw ushi'n mu'mkinshilikler tuwdi'ri'ldi'.

Milliy ma'deniyati'mi'zdi'n' tariyxi'y tami'rlari'ni'n' rawajlani'w basqi'shlari'n u'yreniw bu'gingi ku'nnin' basli' wazi'ypalari'ni'n' biri boldi'. Bul milliy maqtani'sh, milliy sana, Watandi' su'yiw tuyg'i'lari'n payda yetedi.

«Milliy ideyami'z usi jurtta jasap ati'rga'n ba'rshe adamlardi'n' yen' joqari' niyetlerin, turmi'sli'q ma'plerin ja'mleytug'i'n jurt ti'ni'shli'g'i' Watan rawajlani'wi', xali'q pa'rawanli'g'i' degen joqari' tu'siniklerdi wo'z ishine alatug'i'ni' ta'biyiy»[1] dep atap ko'rsetken yedi Prezidentimiz Islam Karimov

Qaraqalpaq a'debiyati' tariyxi'ni'n' bir bo'legi yesaplang'an milliy woyani'w da'wiri qaraqalpaq a'debiyati' haqqi'nda so'z yetetugi'n bolsaq, usi' da'wirde do'retilgen lirikali'q qosi'qlardi'n' ideya-tematikasi'na, janrli'q ha'm ko'rkemlik wo'zgesheligine baha beriw, izertlew u'lken a'hmiyetke iye. Sebebi lirika janri' wo'zinin' ko'rkemligi, sezimtalli'g'i', wo'tkirligi, ta'sirshen'ligi menen barli'q waqqi'tta ko'rkem a'debiyatti'n' yen' jetekshi janri'nan yesaplanadi'. Lirika janri'ni'n' ko'lemi kishi boli'wi' tez do'reliwi, da'wir mashqalalari'n wo'zinde tez sa'wlelendiriwi ha'm xali'q arasi'na ken' tarali'wi'na imkaniyat beredi.[2]

Sonli'qtan da milliy woyani'w da'wiri qaraqalpaq a'debiyati'nda lirikani'n' xali'qti'n' ruwxi'y wo'mirinde tutqan worni' joqari' boldi' dep ayta alami'z.

XIX a'sirdin' 70-ji'llari'nan baslap qaraqalpaq xalqi'ni'n' siyasiy-ja'miyetlik turmi'si'nda u'lken wo'zgerisler bolg'ani' belgili. 1873-ji'lg'i' patsha Rossiyasi'ni'n' Xiywa xanli'g'i'n boysi'ndi'ri'p alg'annan keyin, qaraqalpaq xalqi' siyasiy-administrativlik jaqtan yekige bo'lindi. Ha'r qanday tariyxi'y sharayatlar ju'z bergeni menen, qaraqalpaq xalqi' wo'zinin' u'rp-a'detin, birligin, xali'qli'q psixologiyasi'n, xarakterin, jasaw tirishiligin, a'sirese a'debiyati' menen ma'deniyati'n saqlap qaldi'. Soni'n' menen birge, xali'qti'n' ma'pin ji'rlaytug'i'n, realistlik a'debiyat mazmun ha'm janrli'q jaqtan jetilisti ha'm rawajlandi'.

Qaraqalpaq xalqi', ha'tte wori's ma'mleketi arqali' Evropa ma'deniyati', a'debiyati', tariyxi' menen ken'nen tani'si'wg'a mu'mkinshilikler aldi'. Usi'ni'n' sebebinen arab-parsi'

---

[1] Каримов И. Жоқары мәнаўият- жеңилмес күш Ташкент «Манавият» 2008, 72-бет

[2] У.Туйчиев Адабий турлар ва жанрлар. Т. «Фан» 1992. 4-бет.

tilindegi Shi’g’i’s a’debiyati’ni’n’ ko’p gu’rrin’leri, yertekleri, da’stanlari’ awdarma islenip qaraqalpaq woqi’wshi’lari’ni’n’ qollari’nda boldi’[1].

Ko’rkem a’debiyat XIX a’sir qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’ da’stu’rlerin dawam yettirip ideya-tematikali’q, janrli’q jaqtan bayi’di’. Usi’ da’wirdin’ belgili shayi’rlari’ Qorazbek, Razbek, Qazi’ Ma’wlik, Qulmurat Qurbanali’ uli’, A’bdiqa’dir Bekimbet uli’, Qazaqbay shayi’r, Sa’piwra Jayi’lbek qi’zi’ ja’miyetlik siyasiy turmi’sqa si’n ko’zqaras penen qarap wo’zlerinin’ woy-pikirlerin ko’rkem poeziyada jarati’p bardi’.

Milliy a’debiyat xali’qli’q, demokratiyali’q gumanistlik ideyalardi’ alg’a su’rdi. Xali’qti’n’ yerkinlik ushi’n gu’resi, bilim ali’wg’a umti’li’wshi’li’g’i’ a’debiyatta sa’wlelenip bardi’. A’sirese, qi’saxanshi’li’q mekteplerinen shi’qqan shayi’r-qi’ssaxanlardi’n’ ag’arti’wshi’li’q xi’zmetleri ayri’qsha boldi’. Poeziya mazmunli’q ha’m janrli’q jaqtan bayi’di’. Ja’miyetlik-siyasiy, tariyxi’y mazmundag’i’ Annaquldi’n’ «Saylang’an aqsaqalg’a», «Qazi’wda», A’bdiqa’dir shayi’rdi’n’ «Ol nege da’rkar», «Megzer», «Qi’zketken», Qulmurat Qurbanali’ uli’ni’n’ «On tog’i’z» poemasi’, Si’di’qti’n’ «Zaman», «Aq qapshi’q» si’yaqli’ shi’g’armalari’ da’wir haqi’yqatli’g’i’n demokratiyali’q bag’darda ashi’p berdi. Ha’r qanday da’wirdin’ lirikalari’na talqi’yn jasag’anda janrdi’n’ yeki tu’rli wo’zgesheligi yesapqa ali’nadi’.

Ha’r bir a’debiy tu’rdin’ mazmun ta’repi formag’a qarag’anda jetekshilik yetedi. Lirikada u’sh na’rse tiykarg’i’ wori’ndi’ iyeleydi: 1. obraz predmeti 2. obrazli’li’qqa tildin’ qatnasi’ 3. Shi’g’armada ma’kan ha’m da’wirge qatnas.

Lirikali’q shi’g’armani’n’ mazmun birliklerine tema, konflikt, xarakter, ko’rkem ideya ha’m t.b. kiredi. Al forma birliklerine janr, kompoziciya, til ha’m ritm kiredi.

Milliy woyani’ya da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’nda lirika mazmuni’ boyi’nsha ha’r ta’repleme rawajlandi’. A’sirese, zaman haqi’yqatli’g’i’nan kelip shi’g’i’p milletti ag’arti’wshi’li’q ideyalar menen ta’rbiyalaytug’i’n didaktikali’q lirika jetekshi janrg’a aylandi’. Xali’q shayi’rlari’ Shi’g’i’sti’n’ didaktikali’q miyraslari’nan, sonday-aq qaraqalpaq klassikali’q a’debiyatti’n’ u’lgilerinen suwsi’n ali’p bul janrdi’ ko’rkemlik jaqtan bayi’tti’. A’sirese, A’bdiqa’dir Bekimbet uli’ni’n’ «Bolar», «Jaqsi’di’», Qulmuratti’n’ «Yu’rishim», «Qa’lenderge», Qazi’ Ma’wliktin’ «Ol nege da’rkar» qosi’qlari’ didaktikali’q lirikani’n’ haqi’yqi’y u’lgilerinen boldi’. Ta’riyip janri’ joqari’ yestetikali’q talaplarda ko’rkem do’retilip ha’r bir insanda milliy maqtani’sh sezimlerin woyata aldi’.

---

[1] Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң акыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы.Н. «Билим» 1996, 45-бет

Sonday-aq, milliy woyani'w da'wiri qaraqalpaq a'debiyati'nda yumor-satirali'q shi'g'armalar da'wirdin' ashshi' haqi'yqatli'g'i'n wo'tkir si'n ko'zqarasta su'wretledi. Satira turmi'sti'n' ayi'ri'm unamsi'z ta'replerin jamanli'qti', zuli'mli'qti', nadanli'qti', insapsi'zli'qti', ashko'zlikti satirali'q pafos penen ji'rlaydi'[1].

Biz wo'zimizdin' pitkeriw-qa'nigelik jumi'si'mi'zda usi' da'wir a'debiyati'nda do'retilgen yumor-satirali'q qosi'qlardi'n' janrli'q wo'zgesheligin, basli' ideyasi'n, tematikali'q bag'dari'n ha'm ko'rkemlik wo'zgesheligin u'yreniwdi maqset yetip qoydi'q.

Ko'rkem-estetikali'q woy-pikirdin' uzaq a'sirler rawajlani'wi' bari'si'nda ko'rkem-o'ner salasi'nda, soni'n' ishinde ko'rkem a'debiyatta satira ha'm yumor janri' da qa'liplesken. Du'nya ilimpazlari' bul estetikali'q qubi'li'sqa wo'zleri jasap turg'an da'wirden, tariyxi'y sharayatlardan, milliy estetikali'q talg'amlardan kelip shi'g'i'p baha bergen.

Yumor-satira janri', woni'n' janrli'q qa'siyetleri haqqi'nda ko'p g'ana teoriyali'q miynetlerde so'z yetilgen.

Ha'zirgi zaman ilimi Aristoteldin', Gegeldin', Belinskiydin', Cherni'shevskiydin' ha'm basqa da ko'rnekli ali'mlardi'n' bul ko'rkem qubi'li's haqqi'nda aytqan pikirlerin ji'ynaqlap, zaman talaplari'na ha'm tu'siniklerine i'layi'q ani'qlamalar beredi[2].

Qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde yumor-satira boyi'nsha ilimiy izertlew jumi'slari'n ali'p barg'an profeccop Yu.Paxratdinov boldi'. Ilimpazdi'n' «Adam, ja'miyet, satira» /No'kis «Qaraqalpaqstan» 1991./ kitabi' qaraqalpaq xali'q yerteklerindegi yumor-satirani' izertlewge arnalg'an bolsa, «Qaraqalpaq satirasi'» (No'kis, «Qaraqalpaqstan» 1992.) monografiyasi' XIX a'sir qaraqalpaq klassik a'debiyati'nda yumor-satirani'n' ko'rkemlik bag'dari'n izertlewge bag'darlang'an. XIX a'sirdin' aqi'ri' XX a'sirdin' basi'ndag'i' qaraqalpaq a'debiyati'nda shayi'rlar do'retiwshiliginde yumor-satirali'q qosi'qlardi'n' mazmuni'n, tematikasi'n ilimpaz «Satira-a'sirler si'rlasi'» (No'kis. «Qaraqalpaqstan» 1994.) atli' miynetinde ken' tu'rde izertlegen.

XIX a'sir qaraqalpaq klassikali'q a'debiyati'nda lirikali'q janrdi'n' qa'siyetlerin izertlegen ilimpaz professor Q.Ja'rimbetov «XIX a'sir qaraqalpaq lirikasi'ni'n' janrli'q qa'siyetleri ha'm rawajlani'w tariyxi'» (No'kis. «Bilim». 2004) monografiyasi'nda lirikani' mazmuni' jag'i'nan klassifikaciyalap yumor-satirani'n' janrli'q belgilerin teoriyali'q jaqtan puqta izertlegen.

---

[1] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Н. «Билим». 2004, 147-бет.
[2] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Н. «Билим». 2004, 145-бет.

Sonday-aq, A’.Paxratdinovti’n’ «XIX a’sirdin’ aqi’ri’ XX a’sirdin’ basi’ndag’i’ qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’ (No’kis «Bilim» 1996) sabaqli’g’i’nda, A.Pirnazarovti’n’ «XIX a’sirdin’ yekinshi yari’mi’ XX a’sirdin’ basi’ndag’i’ qaraqalpaq a’debiyati’» monografiyasi’nda usi’ da’wir shayi’rlari’ni’n’ do’retiwshiligin izertlew bari’si’nda wolardi’n’ yumor-satirali’q qosi’qlari’na da ayri’qsha toqtap wo’tedi.

Soni’n’ menen birge, teoriyali’q derek si’pati’nda U.Tuychievti’n’ «Adabiy turlar va janrlar» (3 jildlik 2-jild. Lirika Toshkent «Fan» 1992), V.E. Xalizevti’n’ «Teoriya literaturi’» (M. «Vi’sshaya shkola» 2000), K.Ma’mbetovti’n’ «A’debiyat teoriyasi’» (No’kis, 1995), R.Orzibekov «Wzbek sheriyati janrlari» (Samarqand, 1998). S Axmetov, Q Ja’rimbetov, «A’debiyattani’w atamalari’ni’n’ wori’ssha-qaraqalpaqsha tu’sindirme so’zligi» (No’kis, 1994) h.t.b. ilimiy miynetlerinen paydalandi’q.

Satira ha’m yumor bir-birinen pari’q qi’ladi’. Biz jumi’si’mi’zdi’n’ 1-babi’nda satirali’q shi’g’armalardi’n’ basli’ ideyasi’n shayi’rlar do’retiwshiligi mi’sali’nda ko’rip shi’g’ami’z. Al jumi’si’mi’zdi’n’ yekinshi babi’nda yumorli’q qosi’qlardi’n’ wo’zine ta’n bolg’an qa’siyeti, ta’biyati’ analizlenedi. U’shinshi bapta yumor-satirali’q shi’g’armalarda ko’birek ushi’rasatug’i’n giperbola, grotesk, sarkazm ha’m ironiya usag’an ko’rkem su’wretlew qurallari’na konkret mi’sallar arqali’ talqi’yn jasadi’q.

## I Bap. Milliy woyani’w da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’nda satirali’q qosi’qlarda da’wir haqi’yqatli’g’i’ni’n’ sa’wleleniwi

Satira-grek tilinen satira-masqaralaw, a’jiwalaw ma’nisin beredi. Turmi’stag’i’ unamsi’z na’rselerdi keskin tu’rde qaralap, a’jiwalap ko’rsetiwshi ko’rkem su’wretlew usi’li’[1].

[1] Ахметов С, Жәримбетов Қ, Есенов Ж. Әдебияттаныў атамаларының русша-қарақалпақша сөзлиги. Н.1994. 186 бет.

Satira ko’rkem a’debiyatti’n’ barli’q tu’rlerinde de qollani’ladi’. Shayi’r ja’miyette unamsi’z qubi’li’slardi’, ha’diyselerdi, adamlardi’ a’shkaralap satirali’q mazmundag’i’ qosi’qlardi’ do’retedi.

Milliy woyani’w da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’nda satirali’q qosi’qlar ja’miyetlik ta’rtiplerdi, insan ma’pine qayshi’ keletug’i’n qubi’li’s ha’m waqi’yalardi’, zuli’mli’qti’, nadanli’qti’, jermenlikti u’rdis yetken adamlardi’n’ obrazi’n a’shkara yetedi. Bunday qosi’qlarda shayi’rlardi’n’ ishki sezimlerine qarag’anda, woni’n’ woy-pikiri, ko’z qaraslari’n bayanlaw basi’m boladi’.

Satira turmi’stag’i’ unamsi’z qubi’li’slardi’, ha’diyselerdi, waqi’yalardi’ ha’m adamlardi’ ko’binese unamsi’z obrazlar arqali’ su’wretleydi.

«Satirali’q obraz mazmun menen formani’n’ turmi’s penen idealdi’n’ sa’ykes bolmag’an jag’daylari’n ashi’q-aydi’n ko’rsetip beredi. Mi’sali’: XIX a’sirde jasag’an qaraqalpaq shayi’ri’ Ku’nxojani’n’ «Tu’ye yekensen’» qosi’g’i’nda yel basshi’si’ni’n’ (xanni’n’) obrazi’ lirikali’q qaharmanni’n’ ideali’na, yag’ni’y jaqsi’ patsha haqqi’ndag’i’ tu’siniklerine qayshi’ keledi. Satirali’q obraz si’nshi’l til, wo’tkir tu’yreme so’zler menen jasaladi’»[1].

XIX a’sirdin’ aqi’ri’ XX a’sirdin’ basi’nda wo’mir su’rip do’retiwshilik penen shug’i’llang’an shayi’rlarda satirani’n’ wo’tkir, ashshi’ ta’replerin paydalani’p wo’zi jasag’an ja’miyettegi unamsi’z qubi’li’slarda, ha’diyselerde tu’yrep qosi’qlar do’retken.

Satira jay g’ana si’naw, adamni’n’ kemshiligin ma’zi g’ana a’piwayi’ su’wretlew yemes, al wol V.Belinskiy aytqanday, qaynag’an g’a’zeptin’ pa’tli energiyasi’, mehriybanli’q g’a’zeptin’ gu’ldirmamasi’, shaqmaq woti’ boli’wi’ kerek. woni’n’ tiykari’nda quwani’shli’ ha’m a’piwayi’ sezim jatpastan, yen’ teren’ yumor jati’wi’ kerek.

Ha’mmemizge ma’lim, yumor ha’m satira zaman tan’lamaydi’, da’wirdi ku’semeydi. Barli’q da’wirde de jasay beredi. Sebebi satira ha’mme waqi’tta adam balasi’na jat, turmi’si’na keri ta’sir yetetug’i’n azg’antay da bolsa idiraldi’ islerine zi’yan keltiretugi’n unamsi’z illetler u’stinen ku’lki ju’rgizedi. Ha’r bir xali’qti’n’, millettin’ wo’z yumor-satirasi’ boladi’ ha’m wol xali’qti’n’, millettin’ ar-nami’si’na, hu’jdani’na, adamgershiligine daq tu’sirmewge ti’ri’sadi’, xi’zmet isleydi. Daq tu’sirgenlerge mudami’ ayawsi’z gu’res ju’rgizedi. Sol ushi’n da yumor-satira qaraqalpaq xalqi’ni’n’ a’sirler boyi’ si’rlasi’ boli’p kelmekte[2].

---

[1] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Н. «Билим». 2004, 147-бет.
[2] Пахратдинов Ә. Сатира-әсирлер сырласы. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1994.

Ilimpaz Q.Ja'rimbetov satira a'debiy janr ma yamasa shayi'rdi'n' ja'miyetlik-tariyxi'y turmi'sqa ideyali'q-emocionalli'q qatnasi', bahasi' yag'ni'y pafosi' ma? degen soraw do'gereginde pikirin bildiredi. Bir qansha ilimpazlardi'n' ilimiy-teoriyali'q pikirlerine qatnasi'n bildirip, satirani' lirikani'n' mazmuni' jag'i'nan jiklegende woni'n' bir janri' si'pati'nda dep baha beredi.

Milliy woyani'w da'wiri qaraqalpaq a'debiyati'nda do'retilgen satirali'q qosi'qlarda yel basshi'si'ni'n' unamsi'z qa'siyetleri, ayi'ri'm din iyelerinin' joli' buzi'qli'g'i', ja'miyettegi a'dalaci'zli'qlar h.t.b. ha'diyse-qubi'li'slar ku'lkige ali'nadi'.

Usi' da'wirde jasap wo'tken Annaqul Ma'mbetxoja ulli' haqi'yqi'y turmi'sti'n' awi'r qi'si'wmetlerin basi'nan keshirip, social-ja'miyetlik temada a'dewir shi'g'armalar do'retken. Shayi'rdi'n' satirali'q qosi'qlari'nda ani'qli'li'q, pikirdin' ashi'qli'li'g'i', ironiya basi'm keledi.

«Saylang'an aqsaqalg'a» qosi'g'i'nda yel basshi'si'ni'n' unamsi'z minez-qulqi'n, ha'reketin si'ng'a aladi'. woqi'wshi'da bul satirali'q obrazg'a bolg'an tu'n'iliw sezimlerin payda yetedi. Ashshi' til menen Yeset geren'nin' balasi'n a'shkara yetedi.

Adi'rayi'p yeki ko'zin',
Adi'r-budi'r aytqan so'zin',
Du'nyag'a shi'qqan bir wo'zin',
Eset geren'nin' balasi'.

Etken isin' qarma jarma,
Munshelli ta'kabir bolma,
Atali'q boli'wg'a qa'din' barma,
Oylan geren'nin' balasi'[1].

Satira tek g'ana faktlerge quri'ladi', bolg'an ha'diyselerdegi jo'nsizliklerdi a'shkara yetiwge qarati'ladi'. Shayi'rdi'n' «Qazi'wda», «Oraz aldi'», «Da'men' barma boli'sli'qtan», qosi'qlari'nda da ko'birek yel u'stinde ju'rgen adamlardi'n' turpayi' ha'reketleri, xali'qqa islegen zuli'mli'qlari' satirali'q mazmunda ashi'p beriledi. «Qazi'wda» shi'g'armasi'nda Awez, Arzi'mbet, Amanbay ari'q aqsaqallardi'n' ha'dden zi'yat ta'ka'bbi'rli'g'i',

[1] Пахратдинов Ә. Өтемуратова Ҳ. XIX әсир ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис. 1995. (хрестоматия) 35-бет. (Қалған көркем текстлер усы китаптан алынады)

insanlardi’n’ xuqi’qlari’n ayaq asti’ yetiwlerin, wo’zlerinin’ jeke ma’pleri ushi’n adamlardi’ qazi’wg’a apari’p ha’m wolardi’ jo’nsiz azaplawi’ satirali’q tu’rde sa’wlelengen.

Beldarlardi’ qoydi’ qamap,
Xat ju’zinen ku’nde sanap,
Ne birewdi malday sabap,
A’wez, Arzi’mbet qazi’wda. (30-bet)

Satira qazi’w basi’nda ushi’rasqan waqi’yalardi’ bayanlap, sol arqali’ usi’nday insapsi’z yel basshi’lari’ bar jerde xali’qti’n’ basi’nda tragediyali’q jag’daylardi’n’ ju’z beretug’i’ni’n yeskertip wo’tedi. yekinshiden, sol ja’miyettin’ shirigen du’ziminin’ u’stinen ku’ledi. «Ku’lki-ku’ni wo’tken yeski atawli’ni’n’ barli’g’i’na jan’a wo’mirdin’ jari’qqa shi’g’i’wi’n tunshi’qti’ri’p, basi’li’p jatqan to’be-to’be da’rtlerdin’ ba’rine qarsi’ jumsalatug’i’n ku’shli qurallardi’n’ biri»[1].

«Oraz aldi’» satirali’q qosi’g’i’nda yekkende joq, tikkende joq, piskende diyxanshi’li’q iyesi menen jari’lasqi’si’ keletug’i’n Worazdi’n’ unamsi’z ha’reketi ni’shanag’a ali’nadi’. Shayi’rdi’n’ tili menen aytqanda, «bunday tosattan bolg’an, ko’z ko’reki basi’mshi’li’q deneni azaplap uwlap turg’anday» boladi’ yeken. Ja’miyette boli’p ati’rg’an bunday turpayi’li’q, a’dalatsi’zli’q shayi’rdi’n’ wo’tkir qa’lemine ilinedi.

Serppeni wo’zi serpkendey,
A’welden miynet yetkendey,
Og’an qarsi’li’q yetkendey,
Bar tapqandi’ woraz aldi’.

Taltan’lap basi’p ayag’i’n,
Neg’i’layi’n ayti’p woyag’i’n,
Kerilip urdi’ tayag’i’n,
So’ytip basi’p Woraz aldi’. (137-bet)

«Da’mem bar ma boli’sli’qtan» degen ironiyali’q qosi’g’i’nda da shayi’r ja’miyettegi joqari’ qatlam wa’killerinin’ yersi, insang’a jat bolg’an ha’reketlerinin’ u’stinen mi’sqi’llap ku’ledi. Ha’melparaz adamlar, ha’tteki, wo’zinin’ sayasi’nan da qorqi’p ha’mmege gu’man menen qarap ju’redi. Qosi’qtag’i’ Awez de usi’nday adamlar topari’na kiredi.

Ja’miyettegi a’dalaci’zli’qlardi’ ha’m ta’rtipsizliklerdi wornatqan ayi’ri’m yel basshi’lari’ni’n’ u’stinen ku’liw Qulmurat Qurbanali’ uli’ni’n’ «Zali’mlar isin u’detti»

[1] Пахратдинов Ю. Адам, жәмийет, сатира. Нөкис. «Қарақалпақстан», 76-бет.

qosi’g’i’nda ju’da’ sheberlik penen berilgen. Qosi’qta Xiywa xanli’g’i’ aldi’nda bas iyip, xali’qqa satqi’nli’q yetip, wo’z xalqi’ni’n’ abi’royi’n to’gip, xang’a jag’i’ni’p adamlardi’ Xiywag’a bas ko’termes da’rejege ali’p kelgenligi a’shkaralanadi’.

Erksizden Xiywali’g’a bag’i’ng’an.
Xali’qti’ sati’p biyler xang’a jag’i’ng’an,
Bas ko’termes ushi’n pi’shaq tag’i’ng’an,
Zali’mlar zuli’mli’q isin u’detti. (57-bet)

Qosi’qta xali’qti’n’ u’stinen hu’kimlik su’rip su’rgen geypara yel basqari’wshi’lari’ni’n’ zuli’mli’q ha’reketlerin a’shkaralaw menen birge, wolardi’n’ qani’na sin’ip ketken xang’a jarani’w belgilerin sol arqali’ wo’z xalqi’na islep ati’rg’an biybastaqlari’n, ha’dden ti’sqari’ wo’z xalqi’na wo’shpenligin, satqi’nli’g’i’n ashi’p taslaydi’. Satira adam psixologiyasi’ndag’i’ mudami’ jaman na’rselerdi woylap ju’retug’i’n wo’zinen basqag’a jani’ ashi’maytug’i’n, tek bayli’q, ma’slik quwg’an tiplerdi a’shkara yetedi.

Satirali’q shi’g’armalar ha’r bir da’wirdin’ social wo’zgesheliginen kelip shi’g’i’p ha’r qi’yli’ mazmung’a iye boladi’. XIX a’sirdin’ 70-ji’llari’ndag’i’ ja’miyetlik-siyasiy du’zim, woni’n’ xali’qqa unamsi’z ta’sirleri Si’di’q shayi’rdi’n’ «Zaman» qosi’g’i’nda sheberlik penen beriledi. A’sirese, zaman g’alawi’ti’nan paydalani’p buri’n sang’a ilinbeytug’i’n bilimsiz, aqi’lsi’z, hu’jdansi’z adamlar ha’mel ali’p bar ku’shin, zuli’mli’g’i’n a’piwayi’ puxara xali’qqa ko’rsetedi. A’sirese, Xiywa xani’ni’n’ tek taxti’ iyelep woti’rg’ani’ bolmasa, barli’q ha’kimiyatti’n’ wori’s patshali’g’i’na wo’tkenin mi’sqi’llap su’wretleydi.

Arjaqta jari’m xan boldi’,
Su’wreti bar biyjan boldi’,
Haram du’nya ji’yg’an boldi’,
Zali’mlar biyiyman boldi’. (75-bet)

Si’di’q shayi’r wo’z xalqi’ni’n’ ta’g’diyrine jani’ qi’ynalg’an, ja’miyettegi ju’z berip ati’rg’an unamsi’z ha’diyselerdi ashi’qtan-ashi’q si’ng’a ali’p, kerek jerinde bunday jaramas islerdi ashshi’ ku’lkige ali’p tu’yrep jazg’an shayi’rlardi’n’ biri. Shayi’rlar ko’birek demokratiyali’q ko’z-qarastan yel basshi’lari’, wolardi’n’ xali’q aldi’ndag’i’ minnetleri, ja’miyettegi socialli’q a’dalaci’zli’qlar tuwrali’ wo’zlerinin’ shi’g’armalari’nda ani’q ko’rsetip beredi. A’bdiqa’dir ag’arti’wshi’ shayi’r si’pati’nda wo’zinin’ didaktikali’q

mazmundag'i' qosi'qlari'nda yel basshi'lari'ni'n' aldi'na u'lken wazi'ypa qoyadi'. wolardi'n' qanday qa'siyetlerge iye boli'wi' kerekligi haqqi'ndag'i' pikirlerin bildiredi. Satirali'q shi'g'armalardi'n' tiykari'nda didaktika turadi'. Sebebi ha'r qanday unamsi'z ha'diyse qubi'li'slardi', minez-qulqti' a'shkaralaw arqali' wolardi' ta'rbiyalaw, tuwri' jolg'a sali'w satirani'n' tiykarg'i' sha'rtlerinin' biri. A'bdiqa'dir shayi'rdi'n' ko'p g'ana qosi'qlari'nda yel basshi'si'ni'n' a'dil, xali'q ma'pin woylaytug'i'n adamgershilikli si'patlarga iye boli'wi' kerekligin ayti'p wo'tedi. Al jermen, ashko'z, jawi'z xali'qti' basqari'wshi' ayri'm adamlardan iyttin' abzal yekenligin ju'da' keskin satirali'q pafosta bere alg'an.

Iyt desen'de wo'sken u'yin qorg'ag'an,
Qarlap u'rip shiyrin jani'n qi'ynag'an,
Ayamay wo'z yelin wo'zi talag'an,
Bundaylardan yesikte iyt jaqsi'raq. (93-bet)

Ha'r qanday ko'rkem shi'g'arma wo'z da'wirinin' mazmuni'n, tariyxi'y sharayati'n wo'zinde sa'wlelendiredi. Satirali'q qosi'qlarda da usi' jag'day yesapqa ali'nadi'. Womar Su'yirbek uli' jallanba jumi's islegen, qi'yi'nshi'li'qti' basi'nan keshirgen shayi'r. woni'n' qosi'qlari'nda u'stem toparlarg'a narazi'li'q, g'a'zep, a'shkara yetiw woy-pikirleri ko'rinedi. Usi'nday ko'z qaraslardi' shayi'r satirali'q usi'lda ko'birek so'z yetedi.

«Jerdin' mayi'n sho'mish penen qalpi'g'an, Su'txorlarg'a sonsha azap berermen» degen qosi'q qatarlari'nda giperbolali'q su'wretlewler arqali' jawi'z, ashko'z adamlarg'a degen narazi'li'g'i'n, jek ko'riwshiligin wo'tkir satira menen beredi. Shayi'rdi'n' «Gu'nayi'm» qosi'g'i' belgili bir ha'diysege quri'lg'an. yesiginde qul boli'p islep, biraq hesh haqi'si'n ala almag'an shayi'r woraz atali'qti' woni'n' qi'lwalari'n a'jiwalap, masqaralap qosi'q do'retedi. Qosi'q arqali' woraz atali'qti'n' bet perdesi ashi'ladi', xali'qti'n' ku'lkisine, jek ko'riwshilik sezimine ushi'raydi'.

Gu'rkireysen' ko'lde ju'rgen qabanday,
Negizinde su'yegin'iz jamanday,
On'li' juwap bermedin'iz ladanday,
Nadan boldi' woylan, zali'm, gu'nayi'm? (120-bet)

Shayi’r bunday si’qmar, ishkirne, kisige pa’nt beretug’i’n adamni’n’ qi’lwasi’na baha berip, woni’n’ shi’g’i’si’ to’men degen juwmaqqa keledi. «A’ken’ Niyaz yedi don’i’zdan semiz, Sende sonday bolsan’ mi’sali’ wo’giz»

Oraz atali’qti’n’ kelbetin sonshelli da’rejede a’shkaralap ko’rsetedi, qosi’qti’ woqi’g’an ha’r bir woqi’wshi’da wog’an degen tu’n’iliw sezimleri payda boladi’. Satirani’n’ ko’rkem-estetikali’q talaplari’ni’n’ biri turmi’stag’i’, ja’miyettegi geypara qubi’li’slardi’n’, waqi’yalardi’n’, adamlardi’n’, wolardi’n’ is-ha’reketlerinin’, ju’ris-turi’slari’ni’n’ uli’wma adamgershilik wo’lshemlerge, ja’miyetlik ta’rtiplerge duri’s kelmewi, wolardi’n’ unamsi’z, ha’tteki jerkenishli tu’niliw sezimlerin woyati’w boli’p tabi’ladi’.

Sonday-aq, usi’ milliy woyani’w da’wiri a’debiyati’ni’n’ belgili wa’kili Qazi’ Ma’wliktin «Qurban hayt» g’a’zzeli satirali’q mazmunda do’retilgen.

Birinshi gezekte, bul qosi’qti’n’ g’a’zzel formasi’nda jazi’li’wi’ di’qqatti’ tartadi’. Qazi’ Ma’wlik boyi’nsha arnawli’ izertlew ju’rgizgen ilimpaz B.Da’wletov, sonday-aq ilimpaz A’.Paxratdinov shayi’rdi’n’ «Qurban hayt» shi’g’armasi’ g’a’zzel u’lgisinde jazi’lg’ani’ haqqi’nda pikir bildiredi[1]. «Qazi’ Ma’wliktin’ bul g’a’zzeli negizinen «Zebi kofiya» g’a yeliklep jazi’lg’an. G’a’zzeli alti’ ba’yitten ibarat.

Aydi’ qurban keldi dep, bar adamlar qurban yeter,
Tapmag’an biysharalar lobiya sali’b si’qman yeter,
Basqa ilaji’ bolmag’an son’, xosh waq boli’p kewil yeter,
Bar kisi ja’nnet deyip qurbanli’qqa si’yi’r jeter,
Quyri’g’i’na asi’li’b yetti kishi gu’na’ kesher,
Biyshara bolsa, si’qman iship shi’p-shi’p boli’p terge tu’sher,
Ilaji’n tapi’b, wol g’a’rip dozaqtan ha’m yeplep wo’ter,
Bolmasa wol biyshara qurbanli’qqa nesin soysi’n,
A’y qudaya, men de senin’ benden’men dep, zar yi’g’lap,
Aytadi’ wol g’a’rip «si’qmang’a bala-shag’am toysi’n»

Qazi’ Ma’wlik ja’miyettegi ten’sizliklerdi a’shkaralaydi’. Socialli’q qatlamlar wortasi’ndag’i’ parqti’ ko’rsetip, to’mengi qatlamlarg’a wo’zinin’ tileklesligin bildiredi[2].

---

[1] Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. Н. «Билим» 1996, 157-бет.
[2] Дәўлетов Б. Қазы Мәўликтиң дөретиўшилик жолы. Кондидатлық диссертация. Автореферат. 2002.

Demek, milliy woyani'w da'wiri qaraqalpaq a'debiyati'ndag'i' satirali'q qosi'qlar ja'miyetlik-tariyxi'y turmi'sqa bahasi'n beredi. wondag'i' unamsi'z qubi'li'slarg'a, yel basshi'lari'ni'n' minez-qulqi'na si'n ko'zqarasta boladi' ha'm wolardi' ayawsi'z ashshi' til menen a'shkaralaydi'.

Ayi'ri'm satirali'q qosi'qlarda isi menen so'zi, si'rtqi' ko'rinisi menen ishki du'nyasi' sa'ykes kelmeytug'i'n adamlar tilge ali'nadi'. Annaquldi'n' «May molla», A'bdiqa'dirdin' «Iyshani'm», «Suwpi'», «Ustazi'm», «Molla Asqar» qosi'qlari'nda xali'qti' aldap, ja'digo'yshilik, insapsi'zli'q penen shug'i'llanatug'i'n ayi'ri'm din iyelerinin' islam sha'riyati'na tuwri' kelmeytug'i'n is-ha'reketine unamsi'z baha beredi. Bunday din iylerinin' a'shkaralawshi' qosi'qlar qaraqalpaq klassik shayi'rlardi'n' do'retiwshiliginde de ushi'rasadi'. Bul haqqi'nda ilimpaz Q.Ja'rimbetov Berdaqti'n' «Teris qaytqan», Wo'tesh shayi'rdi'n' «Nuratdiyin», «Shermende» qosi'qlari' tiykari'nda talqi'yn jasaydi'.

Shayi'r tek su'wreti molla, niyeti buzi'q adamdi' ja'miyetlik illet dep biledi ha'm woni'n' obrazi'n a'shkaralawshi' satira menen su'wretleydi. Si'rtqi' su'wreti sha'riyat adami' boli'p, biraq molla, iyman, suwpi' boli'p ju'rgen ishki du'nyasi' buzi'q adamlardi'n' satirali'q wobrazi' Xoja Axmet Yassawiy, Alisher Nawayi', Babarahim Mashrep, Maqti'mquli', Muqimiy, Furqat, Abay shi'g'armalari'nda sheberlik penen jarati'lg'an. Mi'sali', suwfiy shayi'r Axmet Yassawiy (XII a'sir) wo'zinin' bir qatar hikmet qosi'qlari'nda ayi'ri'm suwpi'lardi'n', molla iyshanlardi'n' batiniy (ruwxi'y) du'nyasi' menen zahiriy du'nyasi'ni'n' (si'rtqi' ko'rinisinin', is-ha'reketinin') sa'ykes kelmeytug'i'ni'n wo'tkir si'ng'a alg'an yedi[1].

Demek, ha'r bir ja'miyette de bunday unamsi'z ha'diyseler, si'rti' musi'lman, al ishki du'nyasi' patas, yeki ju'zli adamlar bolatug'i'n yeken. milliy woyani'w da'wiri qaraqalpaq a'debiyati'ndag'i' satirali'q qosi'qlarda usi'nday ju'zego'y, dindi tek wo'z ma'pleri ushi'n paydalani'p ju'rgen ayi'ri'm din iyelerin si'ng'a aladi'. Ma'selen, Annaqul shayi'rdi'n' «May molla» qosi'g'i'nda menmen, aqi'lsi'z, puqara xali'qti' ko'zge ilmeytug'i'n, so'zi menen isi ten' kelmeytug'i'n, adamlarg'a u'lgi bolarli'q isi joq mollani'n' tipik obrazi'n ashshi til menen si'ng'a aladi'.

Ag'arti'wshi' shayi'r A'bdiqa'dir Bekimbet uli' wo'zi jasag'an da'wirdin' ja'miyetlik illetleri bolg'an unamsi'z qubi'li'slar haqqi'nda bir qatar yumor-satirali'q qosi'qlar do'retken. Shayi'rdi'n' «Iyshani'm» qosi'g'i' ko'lemi az bolg'ani' menen ku'lkili, saz jazi'lg'an qosi'q. Geypara iyshanlardi'n' ishki jaman minezine satirani' arnag'an.

---

[1] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Н. «Билим». 2004, 151-бет.

Satira iyshan xarakterindegi ju'zeki du'nyaparazli'qqa qarati'lg'an «Suwpi'lardan biri qoy ali'p kelse, woni' maqtap, saqi'ysan' dep ko'termelep, yendigide ja'ne ali'p keledi degen da'me yetip ataq-abi'royi'n ayaq asti' yetetug'i'n, al at ali'p kelse suwpi'li'q gu'wali'g'i' bolg'an rishad ta tayar» dep iyshanni'n' ashko'zligin a'jiwalaydi'.

Suwpi' ali'p kelse bir at,
Tayi'n tur wog'an rishad,
La'psin'iz wonnan da zi'yat,
Alamatlar sonnan boldi'. (101-bet)

«Ustaz-iyshanlardi'n' mektep-medrese talabalari'n bilimge qani'q yetpey, diniy da'stu'rler menen ustazli'q ka'sipti ali'p bari'w usi'llari'n jetkilikli u'yretpey, mektepte wo'tiletug'i'n yaki suwpi'li'qta u'yretiletug'i'n bilim ko'lemin wo'zlestirip bolmasa da sawaci'zli'g'i'na qaramastan wolarg'a mekteplerde bala woqi'ti'wg'a yaki yel arasi'nda diniy da'stu'rlerdi atqari'wg'a riyshati'n-gu'wali'q qag'azi'n berip jibergenin si'ng'a aladi'»[1].

Shi'ni'nda da, bunday ayi'ri'm ashko'z adamlardi'n' sebebinen ja'miyette bilimsizlik, ta'rtipsizlik yen jayadi'. A'bdiqa'dir shayi'r didaktikali'k mazmundagi' qosi'qlardi' ko'plep do'retken. A'sirese, ja'miyettegi ag'arti'wshi' adamlar, insanlarg'a bilim nuri'n shashatug'i'n din iyeleri wo'z joli'nan adassa, na'psiqawli'qqa, ashko'zlikke bet bursa, wonda ja'miyette de rawajlani'w bolmaydi'. Sonli'qtan da shayi'rdi'n' din iyeleri haqqi'nda bir du'rkin satirali'q qosi'qlari' bar. wolardi'n' ko'pshiliginde ko'zi menen ko'rip, kewli sezgen waqi'yalar so'z yetiledi. «Ustazi'm» qosi'g'i'nda Maqtum axun degen Ma'njiwlidegi axunlardi'n' birine tiydirip a'shkaralaw so'z aytadi'. wonda Maqtum axunni'n' sol awi'ldag'i' ulamalardi'n' biri yekenin, yeski joldi' ha'dden ti'sqari' tutaman dep «hayallari'n si'rtqa shi'g'armay, wo'tirik ayti'p, suwpi'larg'a jo'nsiz azap beretug'i'ni'n, wo'zinen basqani' adam qatari'na sanamay menmenlikke beriliwi si'yaqli' unamsi'z qa'siyetleri pash yetiledi. Qosi'qta wo'z ma'pi ushi'n suwpi'lardi' yesiginde qul yetip jumsag'ani' da so'z yetiledi. Islam dininde sha'kirttin' wo'z ustazi'na ayri'qsha hu'rmet ko'rsetiwi pari'z bolg'an. Degen menen, shayi'r su'wretlegen ayi'ri'm shala sawat, hu'jdansi'z ustazlarg'a sha'kirtlerinin' narazi'li'q sezimleri ju'zege keledi. Mine, usi'nday faktti shayi'r ju'da' ku'lkili, ha'dden zi'yat wo'tkir so'z benen ni'shanag'a aladi'.»

---

[1] Әлеўов Ө. Қаракалпакстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. Нөкис. «Билим», 1993, 410-бет.

Sizden u’yrenbey-aq hesh bir ha’rip,
Xali’q aldi’nda ustaz deymen men g’a’rip,
Shi’rri’yasan’ adam demey, sen sha’rrik,
Ulamani’n’ ka’rin yetpey ustazi’m. (101-bet)

«Suwpi’», «Molla Asqar» degen shi’g’armalari’nda adamlardag’i’ ja’digo’yshilik, aldawshi’li’q, wo’tirik so’ylew si’yaqli’ jaman illetlerdi a’shkaralag’an. Ayi’ri’m bilimsiz ulamalar ustazli’q a’dep, da’stu’rdi bilmeytug’i’n, xali’q balalari’n sawatlandi’ri’wda paydasi’ kem «qayi’ri’ joq tek te hasa uslag’an, bunday pirden qara ji’lan jaqsi’di’» dep, ta’lim-ta’rbiya usi’lari’n jetik bilmeytug’i’n jortag’a «taqi’wa boli’p, sha’riyattan so’z toqi’p» ju’rgen, «O’tirik so’ylep, ha’si bolg’an» bazi’ bir ulamalardi’ si’ng’a saladi’.

Demek, A’bdiqa’dir shayi’rdi’n’ satirali’q qosi’qlari’ni’n’ tiykarg’i’ mazmuni’ wo’z da’wirindegi ayi’ri’m ulamalardi’n’ ha’reketlerin a’shkaralawdan ibarat.

Sonday-aq, Qulmurat shayi’rdi’n’ «Ko’rin’», «Qashqi’l maqsi’mnan ji’raqqa» qosi’qlari’nda din iylerinin’ is-ha’reketlerin, ju’ris-turi’si’n, turmi’s-ta’rizin islam shariyati’ ko’z-qarasi’nda bahalag’an.

Al desen’ xosh bolar kewli mollani’n’,
Ber desek ta’rk yeter ha’miri allani’n’,
Qulaq, ko’zi tu’wel kelse gellenin’,
Iqlas penen duwa yetishin ko’rin’.

Mine, bul qosi’q qatarlari’nda ashko’z, da’mego’y, hu’jdansi’z mollani’n’ satirali’q wobrazi’ sa’wlelengen. Shayi’rdi’n’ «Qashqi’l maqsi’mnan ji’raqqa» qosi’g’i’ da haqi’yqi’y ku’lkili, qi’zi’q shi’qqan. Qosi’qti’n’ mazmuni’na itibar bersek, uli’wma maqsi’mlardi’n’ so’zge sheber bolatug’i’ni’, wolardi’n’ ha’r bir aytqani’n wori’nlaw mu’mkin yemesligin, wolardi’n’ so’zin ti’n’lasaq gu’nan’di’, sawabi’n’di’ wo’lshestirip wo’zin’nin’ gu’nag’a bati’p qalg’ani’n’di’ sezip, tuppa-tuwri’ dozaqqa bara beresen’, -deydi. Sol ushi’n da maqsi’mnan qashi’g’i’raq ju’rgenin’ maqul, -dep ku’lkige aladi’.

So’zin’di kemis joq, a’jep shiyrin til,
Minez-qulqi’ shaytani’g’a ta’qabbil,
Yantashsan’ azg’i’rar tisli a’za’zu’l,
Saq boli’n’ zali’mnan qashqi’l ji’raqqa

Milliy woyani’w da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’nda satirali’q qosi’qlardi’n’ tiykarg’i’ tematikali’q bag’dari’ ayi’ri’m din iyelerinin’ sha’riyatqa tuwri’ kelmeytug’i’n namaqul islerin a’shkaralawdan ibarat.

Womar Su’yirbek uli’ do’retiwshiliginde wo’z zamani’ndag’i’ a’dalaci’zli’qlardi’, zuli’mli’qlardi’ keskin kritikalap, ashi’qtan-ashi’q narazi’li’q sezimlerin bildiriw ayqi’n ko’rinedi.

Shayi’rdi’n’ «Ne payda», «Bar yeken», «Gu’nayi’m», «Kerek yemes» qosi’qlari’nda usi’nday pikirler alg’a su’rilgen. Si’rti’ musi’lman, ishi patas din iyelerin a’jiwalaw «Bar yeken» qosi’g’i’nda ju’da’ sheber berilgen. Shayi’r wo’tkir, ashshi’ so’zler menen unamsi’z adamlardi’n’ haqi’yqi’y bet perdesin ashi’p taslaydi’. Qosi’qti’ woqi’g’an ha’r bir woqi’wshi’da ashko’z, ja’digo’y, mehirsiz, sawatsi’z din iyelerine jek ko’riwshilik sezimi woyanadi’. «Shi’g’armani’ tariyxi’y satirali’q shi’g’arma dep atasaq ta boladi’. Qosi’q arqali’ Xorezmdegi diniy wori’nlarda boli’wg’a i’layi’q yemes waqi’yalarg’a qi’yrati’wshi’li’q xarakterde soqqi’ beredi. Qosi’qta Qaraqum iyshan degennin’ a’wliye jer yekenligi, biraq woni’ pataslap ju’rgen ko’p adamlar bar yekenligi xali’q aldi’nda toli’q ashi’lg’an. Bir jag’i’nan ashshi’ satira bolsa, yekinshi jag’i’nan xali’qqa ja’rdemlesiw bar. Sebebi adamlar aldi’na iyshan kim, jalatay kim bilin’, ko’kiregin’izdi ashi’p boli’p qolg’a tu’sip qala bermen’ degen yeskertiw bar»[1]. Ilimpazdi’n’ tasti’yi’qlag’ani’nday, barli’q sha’riyat adamlari’ da birdey yemes. wolardi’n’ ishinde tek si’rtqi’ ko’rinisi dindar bolg’an menen, woy-pikiri, is-ha’reketi uli’wma sha’riyatqa tuwri’ kelmeytug’i’n ayi’ri’m ulamalar ushi’rasadi’. «Si’rti’ aq ta, ishi toli’ kir yeken, Soni’n’dayi’n maqsi’mlari’ bar yeken», «Sadaqa bergendi hu’rmet yetedi», «Qi’zi’l ko’rse joldan shi’g’i’p buzi’lg’an, sawati’ joq axunlari’ bar yeken» «Quri’ allani’n’ ati’n ayti’p aldag’an, qi’zi’l quwqi’l tilin xali’qqa jollag’an» h.t.b qosi’q qatarlari’nda usi’nday unamsi’z minez-quli’qqa iye adamlardi’n’ u’stinen ku’ledi.

A’lbette, Qaraqum iyshan medresesi diniy bilimlerdin’ worayi’ boli’p, wonda pa’kize, sawatli’ ulama iyshanlar xali’qti’n’ kewline nur to’gip ko’p ji’llar xi’zmet yetken. Biraq bul ulli’ da’rgaydi’ wo’zinin’ buzi’q isleri menen pataslaytug’i’nlari’ da ushi’rasi’p turg’an. Bunday unamsi’z qubi’li’sti’n’ yen’ jayi’wi’na sol da’wirdegi ja’miyetlik du’zim, siyasiy qatnasi’qlar sebepshi boladi’. womar shayi’r bunday adamlarg’a ja’miyet ta’repinen soqqi’ berilmegenlikten, wo’zinin’ ashshi’ satirasi’ arqali’ wolardi’ xali’q wortasi’nda pash yetedi.

---

[1] Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. Н. «Билим» 1996, 203-бет.

«Satirani'n' basqa janrlar formalari'nan wo'zgesheligi sonda, -degen yedi X.Abdisamatov, wol unamsi'z kisilerdi, wo'mirde nuqsanlarg'a jol qoyg'an, ja'miyetshilik aldi'nda wo'zin qaralap qoyg'an tu'rli buzi'q, jerkenishli, qasli'q yetiwshi, qopal, an'qaw, sawatsi'z, byurokrat, formalistlerdi wo'z shi'g'armasi'ni'n' predmeti qi'li'p aladi'. Womar shayi'r satirasi'na ilingen din iyeleri de a'depsiz, ashko'z, buzi'q islerdi isleytug'i'n adamlar

Quri' qoli'n jayi'p, moyni' sozi'lg'an,
Ta'g'diyrinde ta'g'irip yetip jazi'lg'an,
Qi'zi'l ko'rse joldan shi'g'i'p buzi'lg'an,
Sawati' joq axunlari' bar yeken.  (118-bet)

«Womardi'n' bazi' bir dinshilerdi jek ko'riwin ju'zege keltirgen sebeplerdin' biri bir ta'repten qudaydi'n' turmi'sli'q islerde tikkeley ta'sir ku'shinin' ko'rinbewi bolsa, yekinshi ta'repten ayi'ri'm ruwxani'ylardi'n' dinge, yel ta'g'dirine sadi'qli'q yetiwi worni'na, du'nya ji'ynawg'a berilip ketiwi boldi'. A'sirese, payg'ambardi'n' sanali' a'wladlari' isin dawam yettiriwshiler bolg'an bazi' axun, iyshanlardi'n' gu'nani' keshiriwi ayi'pti'n' awi'r-jen'illigine yemes, bergen sadaqag'a baylani'sli'li'g'i'n, wolardi'n' aldi' menen wol du'nyani', qudaydi' woylamay, wo'zlerinin' bayli'g'i'n artti'ri'wg'a umti'latug'i'ni'n, bunday qi'li'qlardi'n' qudayg'a qulshi'li'q yetken haqi'yqi'y musi'lman adamni'n' isine jat yekenligin ayta kelip: «Sadaqa bermesen', gu'nan'di' wo'tpes, Payg'ambardi'n' «sha'ryari'» bar yeken», -dep wolardi'n' u'stinen mi'sqi'llap ku'ledi»[1].

Na'psiqaw ayi'ri'm din iyelerinin' ha'reketi puqara xali'qqa zi'yani'n tiygizip woti'rdi'. Shayi'r xali'qti'n' ta'g'diyrine ku'yip jandi', ja'miyettegi zuli'mli'qqa, ten'sizlikke, unamsi'z qa'diyselerge biyparwa qaramadi'. wo'zinin' wo'tkir, ashshi' so'zleri menen bunday qubi'li'slardi' ayawsi'z a'shkaraladi'.

Ko'pshilik shayi'rlardi'n' do'retiwshiliginde din iyelerinin' unamsi'z ha'reketleri ku'lkige ali'nadi'. Sebebi, din iyeleri ag'arti'wshi' insanlar si'pati'nda ja'miyette u'lken wori'ng'a iye boldi'. wo'z da'wirinin' wozi'q woyli' shayi'rlari' wolardi' baqlap, bahalap barg'an. Ja'miyetlik qubi'li'slarg'a sa'ykes kelmeytug'i'n, wo'zlerinin' talaplari'na juwap bermeytug'i'n ha'm sha'riyat qag'i'ydalari'na qarsi' is islegen din iylerin a'shkaralap woti'rg'an.

---

[1] Әлеўов Ө. Қаракалпакстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. Нөкис. «Билим», 1993, 410-бет.

Qazaqbay shayi’r «Suwpi’» qosi’g’i’nda suwpi’ni’n’ wazi’ypalari’n yeskertip wo’tedi, woni’ da’mego’ylikten, menmenlikten, buzi’qshi’li’qtan ji’raq boli’wg’a shaqi’radi’. Shayi’r ironiyali’q usi’lda su’wretlep, suwpi’ni’n’ ha’reketlerin qi’zi’qli’ yetip ko’rsetedi. Qosi’qta insanda bolatug’i’n ha’r qanday kemshilikti satirali’q usi’lda jarati’w arqali’ wolardi’ duri’s jolg’a bag’darlaw si’yaqli’ ideyalar da bar. Sonli’qtan da satira didaktika menen ti’g’i’z baylani’sli’ yekenligin ilimpazlar moyi’nlaydi’[1].

Ali’p kelse – «Bissimilla»
Shi’g’asi’g’a «A’stapuralla?!»
Aqi’ri’ bolg’ay, inshalla,
A’lpayi’m bolg’i’l, suwpi’

Suwpi’li’q degen - sha’rayati’y ish,
Ha’mmeni ko’riw bir tegis
Musi’lmanshi’li’qdur beyish
Pirden qayti’p ju’rme suwpi’ (152-bet)

Demek, XIX a’sirdin’ aqi’ri’ XX a’sirdin’ basi’ndag’i’ shayi’rlar do’retiwshiliginde sha’riyatqa tuwri’ kelmeytug’i’n namaqul isler menen shug’i’llanatug’i’n din iyelerin a’shkaralap satirali’q qosi’qlar do’retiw ken’ yen jaydi’.

Sonday-aq, satirali’q qosi’qlarda pa’s minez-qulqi’, si’qmar, iyman-insapsi’z, jo’gi, a’shko’z adamlardi’n’ tiplik obrazi’ jarati’li’p beriledi. Bunday qosi’qlardi’n’ mazmuni’ tikkeley sol ja’miyetlik turmi’sti’n’ qi’lapi’shi’li’qlari’ menen baylani’sli’ do’reledi.

Wo’zinin’ birqansha satirali’q qosi’qlari’ menen belgili bolg’an Begjan Nuri’m uli’ni’n’ «Ku’nlikshiligi quri’si’n» qosi’g’i’nda si’qmarli’qti’ ayawsi’z a’shkaralaydi’. «Bundag’i’ qosi’qtag’i’ so’z yetetug’i’n waqi’ya Begjanni’n’ bir-eki joldasi’ menen ku’nlikshilik qi’li’w ushi’n jolg’a shi’qqandag’i’ ko’rgen azap-aqi’retleri haqqi’nda ko’rgen-bilgenlerin jazi’p qaldi’rg’an. Bi’layi’nsha aytqanda, avtordi’n’ kishkeni bir yeske tu’siriwindey yamasa ku’ndeligindey boli’p ko’rinedi». Shayi’r ku’nlikshilik yetip barati’ri’p bir baydi’n’ u’yine bari’p sho’llegeninen suw soraydi’. Sondag’i’ bay u’yindegi halatti’ shayi’r sheberlik penen bere alg’an. To’rt tu’ligi say bay bolsa da jolawshi’lardan ayrani’n qi’zg’anadi’, ha’tteki insani’yli’qqa tuwri’ kelmeytug’i’n ha’reket yetedi. Mine usi’ ha’diysege shayi’r baha berip zi’qna, ashko’z bay ha’m woni’n’ hayali’ni’n’ islerin satirali’q usi’lda jarati’p beredi:

[1] Пахратдинов Ю. Қарақалпақ сатирасы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1992.

Ba'ybisheshenin' beti-awi'zi' sur yeken,
Shamasi', wo'z-ara uri'si'p tur yeken,
Nede bolsa shalap sorasaq yeken, -
Degen qi'yali'mi'zda boldi', yaranlar.

Shi'g'i'ppedim sizler ushi'n jaylawg'a,
Kewlimiz barmadi' wolay woylawg'a,
Sho'mish penen sali'p ketti man'layg'a,
Usi' azap boldi' bizge, yaranlar.    (65-bet)

Satirali'q qosi'qlar socialli'q turmi's tiykari'nda da jazi'ladi'. Birewdi ko're almawshi'li'q, shug'i'l so'z tarati'w, da'mego'ylik, jag'i'mpazli'q Qa'lli quwg'a sin'gen a'det. Shayi'r wo'zinin' «Qa'lli quw» qosi'g'i'nda usi'nday unamsi'z minez-quli'qqa iye adamdi' a'shkaralaydi'. A'lbette, bunday adamlar xali'qtan ayi'ri'li'p qara basi' qaladi', wo'zgege islegen jamanli'g'i' wo'zine qaytadi'.

Qa'lli senin' bir won'bag'an a'detin',
Adamlarg'a jaman pikir niyetin',
Tabi'si' bar dep saldi'ri'psan' sali'qti',
Jamanli'q go'rine tu'sersen', inim.

degen qosi'q qatarlari'nda Qa'lli quwdi' ayawsi'z a'shkara yetedi.

A'bdiqa'dir shayi'r ja'miyette boli'p ati'rg'an unamsi'z qubi'li'slardi' si'n ko'z-qaras penen bahalag'an, ani'q wo'tkir so'zi menen ayta alg'an shayi'r. woni'n' «Qi'zketken» qosi'g'i'nda 1914-1916-ji'llardag'i' tariyxi'y jag'daylar so'z yetiledi. Bunda publicistikali'q su'wretlew basi'm. «Publicistikali'q lirikada turmi'sti'n' konkret ta'repleri, jan'a waqi'yalar, adam atlari', geografiyali'q, toponomikali'q atamalar bu'rkelmesten sol turi'si'nda beriledi».[1]

Shi'ni'nda da, qosi'qti'n' waqi'yani'n' ani'q tariyxi'y sa'nesi Patsha Rossiyasi'ni'n' siyasati', won bir boli's beldarlardi' ji'ynap, azap-aqi'retlep qazi'wg'a ali'p barg'anli'g'i' haqqi'nda so'z yetedi. Qazi'wg'a ha'mme bari'wi' tiyis, biraq ja'miyetten a'dalaci'zli'q,

[1] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Н. «Билим». 2004, 151-бет.

ta'rtipsizlik sebebinen ayi'ri'm ha'meldarlar, puli' barlar qazi'wdan qaladi'. Mine, shayi'r usi'nday a'dalatsi'zli'q ha'm ten'sizlikti qatti' si'ng'a aladi' ha'm wolardi' satirali'q usi'lda sa'wlelendiredi: «Baylar ten'ge menen qaldi'», «Boli's, aqsaqal jemekke, Qazi'w si'ltaw qolay boldi'», «On bir boli's bardi' qalmay, Qa'terilige belder salmay», «Bermegennen talap aldi', Ash qasqi'rday qamap aldi'» si'yaqli' qosi'q qatarlari'nda zil satira bar.

Sonday-aq shayi'rdi'n' «Qatti'ag'ardan ji'qqi'n ketti» atamasi'ndag'i' tariyxi'y qosi'g'i'nda da yerinshek, jati'p isher, yel ta'g'diyrine qi'zi'qpaytug'i'n jari'mes adamlardi'n' u'stinen ku'ledi.

To'segin suw alsa turmay,
Basqa-basqa moyi'n burmay,
Baylawg'a kel, dep jar urmay,
Wo'z ha'zligin qurg'an yeken.

Qulmurat boli's quti'ri'p,
Warsaqi' tawi'p ko'pirip,
Ko'knar keseni tolti'ri'p,
Ko'zin jumi'p tartqan yeken. (97 - bet)

Shayi'r bunday unamsi'z tiptegi adamlarg'a pu'tkilley qarama – qarsi' bolg'an ji'qqi'ndi' baylawg'a jan ta'ni menen ha'reket yetken xali'qqa joqari' baha beredi. «Qazi'wda» qosi'g'i'nda Seypulla ko'knarshi'ni'n' u'stinen ku'ledi. Mezgili menen ko'knar ishiwge u'yrenip qalg'an Seypullag'a qazi'w jumi'si' biraz qi'yi'nshi'li'q tuwdi'radi'. Sebebi, qazi'wda buri'ng'i'day na'shelep ko'knar ishe almaydi'. Na'shesi tuti'p, basi' awi'ri'p qi'ynali'p ju'rgen bunday na'shebentke «bulay qi'ynali'p ju'rgennen ko'knardi' ishiwdi qoy» dep basqi'laydi', basqi'ni'n' asti'nda ashshi' haqi'yqatli'q bar. Na'shebentliktin' insan ushi'n jaman aqi'betin ayti'p aqi'l beredi.

Seypulla ata, hali'n'a baq,
Bilmeysen' be saqali'n'-aq,
Ko'knarshi'ni'n' jayi' dozaq,
Ko'knardi' qoy, Seypulla ata.

Na'shebentlik insandi' tu'psizlikke ali'p baratug'i'n unamsi'z illet.

Jan’abay shayi’rdi’n’ xali’q qosi’g’i’na aylani’p ketken «Qazi’ iyshan» do’retpesi nag’i’z satirali’q shi’g’armani’n’ u’lgisi. Qosi’qta si’qmar, hesh kimge qayi’ri’ joq insani’yli’qtan juda bolg’an adamni’n’ is-ha’reketi ku’lkige ali’nadi’. Qazi’ iyshan wo’zinin’ yesigindegi ku’nlikshilerge awqat bermey, ku’ni-tu’ni jumsap qoyadi’. Bunda du’nya-mal ji’ynawg’a a’bden berilip ketken, ha’tteki, adamgershilikti umi’tqan adamni’n’ kelbeti sa’wlelengen. Shi’g’armada xali’qli’q ma’p joqari’ da’rejede ji’rlanadi’, xali’qti’n’ kewlindegi ayti’ladi’. Sonli’qtan da, qosi’q xali’q arasi’nda ken’ tarqali’p ketedi.

A’ken’ Na’dir suwpi’ sen boldi’n’ sen boldi’n’ qazi’,
Du’nya duzag’i’na qurdi’n’ tarazi’.
Qazi’ iyshan kiyipsen’ a’rebi telpek,
Shay halqasqa jeysen’ may menen shelpek.

Tal tu’ste beresen’ suyi’q jarman’di’,
Ayi’nda ko’rmedim mayli’ sorpan’di’.

Qazi’ iyshan, minesen’ a’rep aqsha atti’,
Qati’nlari’n’ diyxanlardi’ qaqsatti’.

A’met balan’ ne sebepli boqlaydi’,
Diyxan ashtan wo’ler boldi’, Qazi’ iyshan.

Avtor qosi’qta wo’ris-o’ris qoy-eshkisi, pada-pada mallari’, yesapsi’z bayli’qlari’ bolsa da birewge qayi’ri’ joq adamni’n’ ruwxi’y jarli’li’g’i’n si’naydi’. Qazi’ iyshanni’n’ tek wo’zi yemes, ha’tteki hayali’, balasi’ da turpayi’, yesigindegi ku’nlikshilerge azap beretug’i’n iymansi’z adamlar. Su’txor, miyrimsiz bunday adamlar sol da’wir ushi’n xarakterli yedi. Shayi’r diyxanlardi’n’ ayani’shli’ wo’mirin so’z yete woti’ri’p, da’wirdin’ ashshi’ haqi’yqatli’g’i’n ashi’p berdi. Yag’ni’y jarli’ diyxanni’n’ feodallarg’a basi’ baylani’p, woni’n’ quli’ boli’p qalg’anli’g’i’, ja’miyetlik du’zimnin’ ha’dden zi’yat ten’sizligi so’z yetiledi.

Ja’miyetlik du’zim, wondag’i’ a’dalatsi’zli’qlar, bay feodallardi’n’ unamsi’z ha’reketlerin satirali’q usi’lda beriw A.Muwsaevti’n’ do’retiwshiliginin’ tiykarg’i’ temasi’ boldi’. Shayi’rdi’n’ «Suwshi’ bala» shi’g’armasi’nda sol da’wirde ken’ taralg’an jallanba miynet islewshi jarli’lardi’n’ ayani’shli’ wo’miri so’z yetiledi.

Eki mezgil berip jarma,
O’ler boldi’ suwshi’ bala,
Jurt toqshi’li’q, peyli tar ma,
Shunday qi’si’m yetken yeken (280 - bet)

Shayi’r suwshi’ balag’a zuli’m qi’lg’an Sultamuratti’ a’shkaralap su’wretleydi. A’shko’z, miyrimsiz, si’qmar adamni’n’ xarakteri «Suwshi’ ju’rmen’ler» qosi’g’i’nda konkret fakt tiykari’nda a’shkara yetiledi. Qosi’qta bir g’ana Yeshimbet yamasa wog’an diyxan ju’rgen jarli’ Qa’llibek tuwrali’ jazi’lg’ani’ menen, bir jag’i’nan miyneti ku’yip ketken ha’m tamaqqa jari’mag’an jarli’ni’n’ awi’r turmi’si’ tipiklestirilgen. Baydi’n’ si’qmaqli’g’i’ mi’na qatarda ani’q bayanlang’an.

Bir buwdaydan sho’rek qi’lar,
Jalg’i’z qi’ldan yelek qi’lar.

Na’psi ken’, menmen, jag’i’mpaz, ha’meldar, si’qmar adamlardi’n’ tipik obrazi’ shayi’rdi’n’ «Qa’tquda», «Da’wim uli’» qosi’qlari’nda ashshi’ ku’lki menen beriledi. Ma’selen, «Qa’tquda» qosi’g’i’nda at minip ha’mel ali’p, ha’meldi ko’tere almay qoli’na qamshi’ ali’p jer-suwdi’ xali’qtan qi’zg’ang’an Shi’li’mbettin’ ku’lkili ha’reketleri si’ng’a ali’nadi’.

Jurtlardi’n’ jerine arqan urdi’ri’p,
Ha’r jerge bir qoni’p qarni’n toydi’ri’p,
Bari’p qazaqlarg’a serke soydi’ri’p,
Puxarani’n’ jerin satti’n’, Shi’li’mbet (268-bet)

Ayapbergennin’ «Amanqu’l», «Molla Amanqul» qosi’qlari’ mazmun jag’i’nan birin-bir toli’qti’radi’. Bularda molla Amanquldi’n’ tariyxi’ satirali’q bag’i’ttan ji’rlanadi’. Tiykarg’i’ qaharman molla Amanquldi’n’ ha’reketin ta’riypley woti’ri’p, avtor du’nya toplaw, bayli’q ji’ynaw ushi’n hesh na’rseden qaytpaytug’i’n, ashko’z adamlardi’n’ tipin ji’rlaydi’. Qosi’qti’n’ da’slepki bo’limlerinde woni’n’ wo’z waqti’nda i’layi’q jigit bolg’anli’g’i’n su’wretlese, keyingi jag’i’nda turmi’stan buzi’lg’an, joldan shi’qqan, ashko’z, si’qmar mollani’n’ tipin beredi.

Solay yetip, satira janri’ milliy woyani’w da’wiri a’debiyati’ni’n’ tiykarg’i’ bag’darlari’nan boldi’. Satirali’q qosi’qlarda ja’miyetlik, xali’qli’q ma’pke tuwri’ kelmeytug’i’n yel basshi’lari’ni’n’ unamsi’z ha’reketleri, yag’ni’y forma menen mazmunni’n’ sa’ykes kelmewi si’ng’a ali’nadi’. yekinshiden, sol da’wirdin’ ag’arti’wshi’lari’nan yesaplang’an din iyelerinin’ ali’msaq, ashko’z, nadan, bilimsiz, tipleri a’shkaralanadi’. wolar sha’riyat islerine qi’lapi’li’q isleydi, musi’lmanshi’li’q sha’rtlerin wori’nlamaydi’. Mollalardi’n’ usi’nday ha’reketlerinen ko’p adamlar ja’bir ko’redi.

U’shinshiden, satirani’n’ basli’ temasi’ miynet qatnasi’qlari’, yag’ni’y is beriwshi menen islewshisi arasi’ndag’i’ qatnas, wondag’i’ is beriwshilerdin’ a’dalaci’zli’g’i’, zuli’mli’g’i’ qatti’ si’ng’a ali’nadi’.

Soni’n’ menen birge, turmi’sta ushi’rasatug’i’n ayi’ri’m materialli’q bayli’qqa iye, biraq ruwxi’y du’nyasi’ jarli’ ayi’ri’m adamlardi’n’ minez-qulqi’, ha’reketleri satirali’q usi’lda jari’ti’p beriledi.

## II Bap. Yumorli’q qosi’qlardi’n’ tematikali’q bag’dari’.

Yumor-lati’n tilinen ali’ng’an boli’p, humov-da’lkek, ku’lki degen mag’anani’ an’latadi’. Wol turmi’stag’i’ geypara qolaysi’z momentlerdi ku’lki arqali’ su’wretlew usi’li’. Ko’binese a’debiy shi’g’armalarda satira ha’m yumor aralasi’p ju’rse de yumor jen’il ku’lkige quri’lg’an. Wol satira si’yaqli’ wonsha nishterlemeydi, biraq yekewi de turmi’stag’i’ qolaysi’z islerdi du’zetiwge qarati’lg’an. V.G.Belinskiy aytqani’nday; «yumor ko’zden jas ag’i’zg’ansha ku’ldiretug’i’n shi’g’armalardi’n’ qatari’na kiredi»[1].

«Turmi’sti’ uli’wma komediyali’q bag’darda sa’wlelendiriwdin’ bir tu’ri –bul yumor. Qa’nigelerdin’ ko’rsetiwi boyi’nsha, yumor ja’miyetlik turmi’sti’n’ quramali’, shiyelenisken ta’replerin sa’wlelendirmeydi, woni’n’ sheshiliwi qi’yi’n ma’selelerdi qozg’amaydi’, u’lken ja’miyetlik illetlerdi, kemshiliklerdi su’wretlew ni’shanasi’ yetip almaydi’. Yumor turmi’stag’i’, jeke jen’il-jelpi kemshiliklerdi, jetispewshiliklerdi, yersi qi’li’qlardi’, ha’r qi’yli’ sharayatlardi’ kerekli obrazlar arqali’ ko’rsetedi. Yumor-bul ha’zil, da’lkek, degishpe»[2].

Shi’ni’nda da, ilimpazlardi’n’ atap wo’tkenindey yumor satiradan pari’q qi’ladi’. Yumor a’sirler boyi’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ jaqi’n joldasi’, kewlin yoshlandi’ratug’i’n qurali’ boli’p kelgen. Ha’zil-da’lkek, degishpe dayi’-jiyenler, jezde ha’m baldi’z, jen’ge-qa’yin wortasi’nda boli’p kelgen. Awi’z yeki a’debiyatti’n’ qaysi’ tu’rin ali’p qaramayi’q, wolarda yumordi’n’ u’lgileri ushi’rasadi’. Ma’selen, xali’q qosi’qlari’ni’n’ bir bo’legin ha’zil-da’lkek qosi’qlari’ iyeleydi. «Bul qosi’qlar belgili waqi’yag’a, yaki adamg’a baylani’sli’ do’retilip, ku’lki tuwdi’ratug’i’n yaki mi’yi’q tartti’ratug’i’n boli’p keledi».

Arman shapti’n’ berman shapti’n’,
Aqi’ri’nda kempir tapti’n’,
Kempir ko’rsen’ qustay qapti’n’,
Kempir yari’n’ qutli’ bolsi’n.[3]

Yumor ko’binese konkret predmetke yaki adamg’a qarati’lg’an boli’p keledi. XIX a’sir qaraqalpaq klassik shayi’rlardi’n’ do’retiwshiliginde yumor qosi’qlari’ konkret ha’diyselerge qarati’lgan. Ma’selen, A’jiniyazdi’n’ «Du’ysen qa’ndekli» qosi’g’i’nda aw alatug’i’n tazi’

[1] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис. «Билим», 1994 ж, 238-бет.

[2] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери хәм раўажланыў тарийхы. Н. «Билим». 2004, 151-бет.

[3] Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис, «Билим», 1996 ж, 94-бет.

dep urli’qshi’ iytti saqlap ati’rg’an adamni’n’ is-ha’reketlerine ku’ledi. A’sirese, Berdaq penen Wo’tesh shayi’r wortasi’ndag’i’ dayi’li’-jiyenli ayti’si’ wo’tkir yumorg’a quri’lg’an.

A’lbette, yumorda u’rp-a’det normalari’ basshi’li’qqa ali’nadi’, ha’dden ti’sqari’ turpayi’li’q, zeynine tiyiw qadag’an yetiledi.

Milliy woyani’w da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’nda yumorli’q qosi’qlar Qulmurat shayi’r, Begjan Nuri’m uli’, Si’di’q shayi’r, Womar shayi’r, Jan’abay ha’m Ayapbergen shayi’r do’retiwshiliginde ushi’rasadi’.

Begjan shayi’rdi’n’ «Eshekg’anam» qosi’g’i’ haqqi’nda ilimpaz A’.Paxratdinov qi’zi’qli’ bir faktti keltiredi. «Pazi’l degen kisi aqli’g’i’n u’ylendirip toy bermekshi boladi’, barli’q jerge toydi’n’ xabari’ tarqati’ladi’. Toydan bir ku’n aldi’n woni’n’ buwaz yeshegi batpaqqa bati’p wo’lip qaladi’. yesheginin’ wo’limine qi’ynalg’an Pazi’l toydi’ toqtatadi’. Adamlar qansha aqi’li’n aytsa da, wol ti’n’lamaydi’. Sonda Begjan shayi’r usi’ qosi’qti’ birden shi’g’ari’p Pazi’ldi’ basqi’g’a aladi’». [1]

Shi’ni’nda da, bul mag’li’wmatta shi’nli’q bar. Sebebi Begjan qi’ssaxan ha’m to’kpe shayi’r bolg’an. Qosi’qti’ woqi’p woti’ri’p adam yeriksiz ku’liwge meyil beredi. yeshekke arnalg’an «joqlaw» adamlardi’ ku’ldiredi. Xali’qti’n’ basqi’si’na shi’damag’an Pazi’l toydi’ baslawg’a qayi’l boladi’.

Eshekg’anamni’n’ jorg’asi’,
Jollarda qaldi’ dorbasi’,
Nesip yetpegen sorpasi’,
Haram wo’lgen yeshekg’anam.

Eshekg’anam buwaz yedi,
Endigi ayda tuwar yedi,
Mama sheshem sawar yedi,
Haram wo’lgen yeshekg’anam.

Qosi’q yeshekke arnalg’an joqlaw mazmuni’nda bolg’ani’ menen, wonda ku’shli ironiya bar. Pazi’l si’yaqli’ pa’msiz, «haram yeshek»ti du’nya dep bilgen adamni’n’ u’stinen a’jiwalap ku’ledi.

---

[1] [1] Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. Н. «Билим» 1996, 136-бет.

Si’di’q Toqpan uli’ satirik shayi’r. wol qi’ssaxan si’pati’nda xali’q arasi’na ken’ tani’lg’an. Woni’n’ ko’pshilik qosi’qlari’ XX a’sirdin’ basi’ndag’i’ tariyxi’y jag’daydi’ su’wretlewge qarati’lg’an. Soni’n’ menen birge, shayi’rdi’n’ «A’biy sag’al», «Qus», «Sultan qaqay» si’yaqli’ yumorli’q qosi’qlari’ bar. «A’biw sag’al» atli’ yumorli’q qosi’g’i’nda miynet yetpey qarap jati’p, tu’nde qon’si’si’ni’n’ ati’zi’nan ju’werinin’ basi’n urlaytug’i’n A’biy sag’aldi’ ku’lkige aladi’. Woni’n’ bunday yersi qi’li’qlari’n shayi’r qosi’q yetip jazi’p xali’qqa tarqatadi’. A’lbette A’biyge «sag’al» degen laqapti’ da xali’q qoyg’an. wol buri’n da iplasli’q isler menen shug’i’llang’an. Yendigi islegen isi woni’ adamlar wortasi’nda shermende qi’ladi’. Sonli’qtan da shayi’r

Sag’al yedin’ tu’lki boldi’n’,
Duyi’m jurtqa ku’lki boldi’n’, ….dep a’shkara yetedi.

«Qus» degen qosi’g’i’nda A’yeke maqsi’m degen adam at shabi’wg’a, qus sali’wg’a i’shqi’paz adam bolg’an. Wol qa’lpelerine isenip qusi’na qaramag’an. Qusi’ tamaq ishpey ashtan boldi’rg’an. Qus usha almay atti’n’ qasi’nda jorg’alap ju’rgende woni’ biyenin’ do’reginde shawi’p woynap ju’rgen tayi’ basi’p ketip, qus mayi’ri’li’p qaladi’. Qusi’nan ayi’ri’lg’an A’yeke maqsi’m qatti’ qapa boli’p tu’skinlikke tu’sedi. Mine, usi’ waqi’yag’a baylani’sli’ shayi’r maqsi’mg’a «kewil ayti’w» si’pati’nda bul qosi’qti’ do’retedi. Qosi’q adamlar wortasi’nda ku’lki tuwdi’radi’.

Tay basqan yeken qusi’n’di’,
Quday qurti’pti’ pi’si’n’di’,
U’yrengen a’det qalama,
Ko’tere ber mushi’n’di’.

Tu’letip qusti’ ari’qtan,
Qa’lpeler jaman tari’qqan,
Qi’rg’awi’l, qoyan ne ha’jet,
Shi’mshi’q uslay ber jari’qtan. (84-bet)

Yumor qosi’qlar konkret ha’diysege baylani’sli’ do’reledi. Sonli’qtan bunday qosi’qlarda syujet boladi’. Si’di’qti’n’ «Sultan qaqay» qosi’g’i’ da qi’zi’qli’ bir waqi’yag’a tiykari’nda dorelgen. Du’nyasi’ni’n’ ko’pligine ma’sirip alji’-bulji’ so’yleytug’i’n yesersoq,

aqi’lsi’z Sultan qaqaydi’n’ yumorli’q qa’siyetleri usi’ waqi’yada toli’q ashi’ladi’. Sultan qaqay hayi’tta-toyda, woti’ri’spada woti’rar worni’n, so’yler so’zin bilmeydi. Soni’n’ ushi’n, qi’z-jigitler woni’ woti’ri’spadan shetletedi. Bug’an ashi’wi’ kelgen Sultan qaqay quyi’g’a shay sali’p, hesh kimge suw bermey quwadi’. Adamlar woni’ aljasti’ri’p, woti’ri’spag’a ali’p keledi ha’m qi’zlardi’n’ qasi’nan jay beredi. Bug’an ma’sirgen Sultan qaqay qant-shayi’n ba’rin jumsap tawi’sadi’. woni’n’ a’dep-ikramsi’z minez-qulqi’ woti’ri’spadag’i’larg’a jaqpaydi’ ha’m woni’ bul toydan quwadi’.Ol barli’q aqshasi’nan, qant-shayi’nan ayi’ri’li’p qashi’wg’a ma’jbu’r boladi’.

Demek shayi’r turmi’sta ushi’rag’an ani’q waqi’yani’ qosi’qqa tema yetip aladi’.

A’bdiqa’dirdin’ wo’z da’wirindegi ayi’ri’m sha’riyatqa tuwri’ kelmeytug’i’n namaqul adamlardi’n’ is-ha’reketlerin satirali’q usi’lda a’shkaralap jazg’an bir neshe qosi’qlari’n biz birinshi bapta tallap wo’tken yedik. Shayi’rdi’n’ «Eken» qosi’g’i’ ju’da’ ku’lkili bir yumorli’q waqi’ya haqqi’nda jazi’lg’an. Yumorli’q shi’g’armalar ko’binese belgili ha’diysege baylani’sli’ payda boladi’. Qosi’q Qosi’mbet degen suwpi’ni’n’ ku’lkili ha’reketin yumorli’q usi’lda beredi. woni’n’ yeki qi’zi’ boladi’. Shayi’r qosi’qti’n’ basi’nda yeki qi’zdi’n’ suli’wli’g’i’n ta’riyplep beredi. Demek, waqi’yani’ birden baslamay aldi’n sol waqi’yag’a sebepshi bolg’an qi’zlar haqqi’nda mag’li’wmat beredi.

Arti’q tuwi’lg’an anadan,
Rawshandur Zulayxadan,
Ba’lki ba’lent Hu’rlixadan,
Won to’rt keshe ayday yeken.  (103-bet)

Qi’zlar yerjetip, qurbi’-qurdaslari’ menen qi’di’rg’i’si’, toylarg’a barg’i’si’ keledi. Biraq wolardi’n’ jo’nli kiyimi bolmaydi’. woramali’ ju’da’ juqa boli’p, woni’ sa’l du’n’kiytip qoyi’w ushi’n woramaldi’n’ asti’na salatug’i’n hesh na’rse taba almaydi’. Wolar atasi’ni’n’ posti’ni’ni’n’ bir jen’in juli’p ali’p woramaldi’n’ asti’na qoyadi’. Toyg’a barati’ri’p, payapi’ldan wo’ter jerde, tonni’n’ jen’i tusip qaladi’. Qi’zlar bunnan biyxabar kete beredi. Atasi’ bir jaqtan kiyati’ri’p jerde jati’rg’an jen’di ko’rip quwani’p ketedi. U’ydegi toni’ni’n’ ji’rti’q jerine jamaw qi’layi’n dep u’yine ali’p keledi. Iyne-sabaq ali’p tondi’ qoli’na alsa woni’n’ bir jen’i joq. A’kesi qi’zlari’ni’n’ islegen islerine ashi’wi’ kelip kempirine baqi’radi’. Sonda kempiri:

Mal sorama ber birewge,

Bolama mal dep irkiwge,
Wo'zi qa'lesken birewge,
Ji'law tartpay jiber, dedi.

Bola berer bunnan beter,
Qi'z ha'r tu'rli isti yeter,
Sa'llege de gezek jeter,
Irikpey qi'zdi' bergil dedi.

G'arri' usi'nnan keyin ta'wbesine keledi. Qi'zlari'n sorap kelgen adamlarg'a beriwge qayi'l boladi'. Shayi'r usi' waqi'yani' wo'zinin' kelinsheginen yesitip qosi'q yetip shi'g'aradi'. A'sirese, qi'zlardi'n' toyg'a atlanardag'i' ha'reketi ku'lkili shi'qqan.

Qi'zlardi'n' da boldi' joli',
Woramal boldi' top-toli',
Ayna menen won'li'-soldi',
Ko'rip qi'zlar ketken yeken. (104-bet)

Usi' bir waqi'yani'n' tiykari'nda socialli'q turmi's, qi'zlardi'n' ten'sizligi, anani'n' wo'z qi'zlari'ni'n' baxti' ushi'n gu'resi de so'z yetiledi. Shi'ni'nda da, qi'zlar naylajli'qtan a'kesinin' toni'ni'n' jen'in ali'wg'a ma'jbu'r boldi'. Usi' sebep boli'p, wolar wo'z ten'ine qosi'ldi'. Demek ha'r qanday yumor-satirali'q shi'g'armalar yersi illetlerdin' u'stinen ku'liw, woni' mi'sqi'llaw, woni' du'zetiw yamasa joq qi'li'w ushi'n gu'restin' bir tu'ri boli'p tabi'ladi'.

Womar shayi'rdi'n' do'retiwshiliginde yumor-satirali'q qosi'qlar ko'p. Kerek yemes», «La'wze bar yeken», «Qurban», «Bekpan», «Qoraz», «Kemal», shi'g'armalari'nda shayi'r xali'qli'q yumordan sheber paydalanadi'. «La'wze bar yeken» qosi'g'i'nda yeldegi ga'pti tu'sinbeytug'i'n, xali'qli'q, insani'yli'q degendi bilmeytug'i'n adamlardi'n' u'stinen ku'ledi.

Miymandosli'q, ken' peyillik qaraqalpaq xalqi'na ta'n na'rse. Solay bolsa da, ayi'ri'm adamlar ishi tarli'q, si'qmarli'q ba'lesine duwshar boladi'. Shayi'r «Qurban» qosi'g'i'nda u'yine adam kelse jaqti'rmaytug'i'n adamlardi'n' qi'li'qlari' u'stinen ku'ledi.

Dayi'-jiyen arasi'nda a'zelden ha'zil-da'lkek, basqi' boli'p turadi'. «Qaraqalpaqlarda dayi'lar ha'm jiyenler bir-biri menen qatti' da'lkeklesip-ha'zillesip woynag'an. Ayi'ri'm

jag’daylarda ha’zil-da’lkekleri wo’tkirlesip ketetug’i’n bolg’an. Biraq bul jag’day yeki ta’reptin’ de kewline kelmegen, xali’q da’stu’rinin’ normasi’ si’pati’nda qaralg’an»[1].

Yumor arqali’ adamdag’i’ ayi’ri’m kemshilikler ashi’p taslanadi’. Ayi’ri’mlari’ bunnan juwmaq shi’g’ari’p wo’zindegi kemshiliklerdi du’zegen.

Womar shayi’r «Bekpan», qosi’g’i’nda dayi’si’ Bekpanni’n’ u’stinen ha’zil-da’lkek qi’li’p, woni’ basqi’g’a aladi’. Bekpan kelgen qonaqlardi’ jaqti’rmay ku’tip aladi’. Mine usi’ waqi’ya shayi’rdi’n’ yumorli’q qosi’g’i’ni’n’ do’reliwine sebepshi boladi’.

Bekpan mu’ytennin’ dayi’si’ yedi,
Ma’kani’ ten’iz jayi’ yedi,
Ko’rsen’iz bizin’ dayi’ yedi,
Awi’li’na qi’di’ri’p bardi’m.

Kelipsiz demedi, mag’an
Men aytayi’n yendi wog’an:
Ali’ng’anday qonaqtan ayi’
Tu’ksiydin’ be, molla Bekpan.

Womar shayi’rdi’n’ «Kemal» qosi’g’i’ ha’meldarlardi’n’ u’stinen ku’liwshi a’ri yumorli’q, a’ri satirali’q xarakter iyelewshi shi’g’arma boli’p yesaplanadi’. wonda ha’mel ali’p yelden bo’linip qalg’an ha’meldar su’wretlenedi. Qosi’qta xali’q wo’mirindegi ken’ wo’mir su’retug’i’n ashshshi’ ku’lki, basqi’ ko’rinedi. Haqi’yqati’nda da xali’qli’q yumor turmi’sta a’dep-ikramli’li’q qag’i’ydalari’na jayg’aspawshi’ ha’reketlerdi si’ng’a aladi’, woni’ ja’miyetlik wortadan jog’alti’wda u’lken progressivlik rol atqaradi’. Sebebi yumor xali’q a’dep-ikramli’li’g’i’n saqlawdag’i’ adamlar qollang’an ilajlardan bolg’an. Shayi’rdi’n’ yumorli’q shi’g’armalari’ ja’miyetlik wo’mirdin’ tipik jag’daylari’n sa’wlelendiriwshi janli’ shi’g’armalar. Womar shayi’rdi’n’ yumori’ni’n’ tematikasi’ ha’r qi’yli’. Wol jallanba miynet islep si’rtta ko’p ju’rgen. Ha’tteki, shayi’rdi’n’ yeline sag’i’ni’sh sezimlerin to’gip salg’an qosi’qlari’nda da, yamasa miynet temasi’nda jazi’lg’an do’retpelerinde de quwaqi’li’q, da’lkeklesiw sezilip turadi’. «Eldin’ amanli’g’i’n aytshi’-aw bizlerge» qosi’g’i’nda

«Wori’s za’ku’ninde sheger papi’rash,

[1] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасында жанрлық қәсийети ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, Билим, 2004 ж,155-бет.

Kelgenine bir ay boldi’ kakraz»
El amanba, Ha’miydula qoti’rash,
Eldin’ amanli’gi’n aytshi’-aw bizlerge».

dep Ha’miydulladan yelinin’ amanli’g’i’n soraydi’. «Mayg’a pisken nanday qi’zari’p yu’zin’» dep woni’ basqi’laydi’. A’lbette, bul biyazar, biyg’a’rez ku’lkinin’ tu’ri. Womardi’n’ qi’zlardi’ ta’riyiplewshi ko’p g’ana qosi’qlari’ bar. Qi’zlar menen woynap-ku’liw, woti’ri’spada shalqi’p ju’riw shayi’rdi’n’ a’rmani’ boldi’. Sonli’qtan da, shayi’r qi’zlar menen ha’zillesedi, qi’z jen’geleri menen basqi’lasadi’. «Qi’zlar» qosi’g’i’nda:

Jen’gege aytsaq wo’tinish,
Etpes bizlerge irkinish,
Tasa jerde woynap-ku’lip,
Baslanadi’ sonda qi’zlar. (129-bet)

Jan’abay shayi’r wo’z zamani’nani’n’ ataqli’ sazende baqsi’ ha’m shayi’ri’ boli’p wo’tken adam. Wol xali’q qosi’qlari’n jaqsi’ u’yrengen, xali’q da’stanlari’n bilgen.

Lirik qosi’qlardi’ do’retiwshi to’kpe shayi’r. Jas waqi’tlari’nda «Gu’lziyra», «Da’wletbiyke», «Doslari’m», «Arzi’gu’l», «Gewish» ha’m tag’i’ basqa qosi’qlari’n do’retken.

Lirik shayi’r si’pati’nda bir qansha ta’riyplik qosi’qlar do’retken. Shayi’rdi’n’ satirali’q tipindegi qosi’qlardi’n’ qatari’na «Nari’mbet maqsi’mg’a», «Sultamurat baqqalg’a», «Narbayg’a», «Jumamurat zergerge», «Gewish», «Ataxan», «Qazi’ iyshan» qosi’qlari’ kiredi. Yumorli’q qosi’qlari’nda turmi’sta ushi’rag’an ha’diyseler ku’lkili syujet arqali’ beriledi. Ma’selen «Narbay» yumorli’q qosi’g’i’nda Narbay degen jorasi’ni’n’ u’yine qi’di’ri’p baradi’. Nari’bay hayali’n tabaq penen uradi’, tabaq si’ni’p, si’ng’an bo’legi wotqa tu’sip jani’p ketedi. Usi’ waqi’yani’ ko’zi menen ko’rgen shayi’r, sol waqi’tti’n’ wo’zinde usi’ qosi’g’i’n shi’g’aradi’.

Zayi’rdan, Moynaqtan kelgen tostag’an,
Hayali’n’ ha’m bir jag’i’nan uslag’an,
Tabaq penen urameken won’bag’an,
Tabaq wotqa jani’p ketti yaranlar. (201-bet)

Qosi’q ju’da’ a’piwayi’li’li’g’i’ ha’m turmi’sli’q haqi’yqatli’g’i’ menen xali’q arasi’nan ken’ taralg’an. Shayi’rdi’n’ «Zerger» qosi’g’i’ni’n’da do’reliw tariyxi’ bar. Bul haqqi’nda ilimpaz A’.Paxratdinov qi’zig’arli’ mag’li’wmat beredi. yelde Jan’abay Jumamurat zerger menen shayi’rshi’li’q ayti’sqa tu’sken degen ga’pler bar.

Jan’abazar boli’si’g’i’nda toy boli’p, wog’an Jan’abay shayi’r da keledi. Jumamurat zerger shayi’rsi’maq adam yeken. Jan’abay ju’da’ ashi’q qol, saqi’y boli’p, toylarda gu’res tu’sip jen’ip alg’an bayraqlari’n jora-joldaslari’ menen ten’ bo’lisedi yeken. Jumamurat woni’n’ bul isin a’ntek ko’rip mi’naday qosi’q shi’g’aradi’.

Janbas ursa Jan’abay,
Batpaqqa ji’g’ar qaramay,
Shayi’rman dep shalqayar,
Palwan men dep taltayar.
Alg’an zati’n tarqati’p,
Ga’p penen qabi’n qampaytar.

Bul qosi’qti’ toy-merekelerde ayti’p, adamlardi’ ku’ldirip ju’redi yeken. Yekewinin’ de toyg’a kelgenin bilgen adamlar wolardi’ ayti’sqa tu’sirmekshi boladi’. Jumamurat zerger Jan’abay shayi’r haqqi’nda buri’nnan shi’g’ari’p ju’rgen qosi’g’i’n aytadi’. Jan’abay shayi’r to’kpe shayi’rli’q talanti’ bolg’anli’qtan, wo’zinin’ gezegi kelgen waqi’tta birden qosi’q ayti’p shi’g’ari’p jiberedi.

Ati’n’ Jumamurat, hasli’n’ tan’bali’,
Bereket tappadi’n’ zerger bolg’ali’,
Pitirmedin’ amanati’ alg’ali’,
Ant iship wo’tirik so’yleysen’ zan’g’ar,
Gu’mis dep sog’asan’ temir qalayi’,
Ku’nige ju’z adam haqi’n soraydi’,
Wo’mirin’she yetken isin’ solaydi’,
Mudami’ wo’tirik so’ylesen’ zan’g’ar. (200-bet)

Jan’abay shayi’r Jumamurat zergerdin’ barli’q qi’lwalari’n, unamsi’z ha’reketlerin xali’q wortasi’nda ashi’p taslaydi’. Jan’abay shayirdin’ poeziyadag’i’ sheberligi de woni’n’ wo’z shayi’rli’q talanti’n xali’q kewlindegi jaqsi’ yamasa yersi ha’diyselerge qosa ali’wi’nda

boldi'. Jan'abay shayi'rdi'n' bunnan basqa da «Gewish», «Nari'mbet maqsi'mg'a», «Sultamurat baqqalg'a» atamasi'ndag'i' yumor-satirali'q qosi'qlari'nda xali'qli'q yumordan sheber paydalang'an.

Ayapbergen Muwsaev milliy woyani'w da'wiri qaraqalpaq a'debiyati'nda u'lken iz qaldi'rg'an ko'rkem so'z sheberi. Sebebi shayi'rdi'n' ko'pshilik shi'g'armalari' XX a'sirdin' 30-ji'llari'na shekem do'retildi. A'sirese, shayi'rdi'n' «Ta'riyip» qosi'g'i' qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' u'lken tabi'si' boldi'. Qosi'qta wo'z xalqi'ni'n' paytaq-paytaq jerlerin, u'rp-a'detlerin, belgili beglerin, ma'rt jigitlerin, hu'r periyzat qi'zlari'n, sa'n-saltanati'n ji'rlaydi'. Qosi'qti'n' ha'r bir qatari'nda shayi'rdi'n' tuwi'lg'an yelge degen teren' muhabbati' jati'r. Hayal-qi'zlarg'a arnalg'an ko'p g'ana ta'riyiplik shi'g'armalari' ko'rkemligi jag'i'nan joqari' jazi'lg'an.

Ayapbergen shayi'r shi'g'armalari'ni'n' ko'p bo'limi wo'z zamanlaslari' menen bir ideyada, bir bag'i'tta, bir a'debiy da'stu'rge sadi'q yekenligi menen ayri'li'p turadi'. Sol sebepli woni'n' ko'p shi'g'armalari' yumor-satirali'q qosi'qlardan ibarat. Shayi'rdi'n' «Ko'lge qash», «Ko'lge qash Qaljan, ko'lge qash», «Suwshi' bala», «Sawdagerdin' si'yli'g'i'», «Senin'», Ishqi'paz ha'm t.b. ko'p g'ana qosi'qlari'nda ha'zil-da'lkek, ku'lki ja'mlengen. «Ko'lge qash» qosi'g'i'nda qorqaq adamni'n' u'stinen ku'ledi. Shi'g'armani'n' jazi'li'wi'na belgili bir turmi'sta ushi'rag'an waqi'ya sebepshi boladi'. Maqti'mquli' degen jigit yawmi't shabadi' degen xabardi' shala-pala yesitip «ko'lge qash» -dep u'y-ishin pa'ten'ge keltiredi.

Qoli'mdag'i' yedin' shunqar,
Ko'lge qash, yari'm ko'lge qash,
«Yawmi't keler» -degen so'z bar,
Ko'lge qash, yari'm, ko'lge qash.

Usi' qosi'g'i' menen u'nles «Ko'lge qash Qaljan, ko'lge qash» qosi'g'i'nda yawmi't kiyati'r degen g'alawi't tawi'p awi'l- yeldi pa'ten'ge keltiretug'i'n na'ma'rt adamlardi'n' u'stinen ku'ledi. Qosi'qta wo'z qara basi'n woylaytug'i'n qorqaq, na'ma'rt adamlardi' a'shkaralaydi'. Qosi'q sol qaharmani'n' tilinen bayanlanadi'. Shayi'r na'ma'rttin' ishki du'nyasi'n, halati'n sheber ko'rsete alg'an. «»Ha'r kimse yi'g'laydi' wo'zi hali'na», «Kisi ko'rmey bizler tezirek jo'neyli» h.t.b.qosi'q qatarlari'nda tek wo'zinin' u'y-ishinin' awhali'n woylag'an adamni'n' ha'reketin ko'rsetedi. Qosi'qta «ji'n'g'i'l dese qi'rg'i'n» dep ani'q yemes sumxabar tabatugi'n woysi'z adamlardi'n' u'stinen ku'ledi. Sonday-aq, yeldin' basi'na

mussalat tu'skende qara basi'ni'n' g'ami'n woylap qashi'p quti'li'wdi'n' joli'n woylaytug'i'n kimselerdi a'shkaralaydi'.

Shayi'rdi'n' «Suwshi' bala» qosi'g'i'nda da insang'a jat yersi ha'reketlerdi ku'lkige aladi'. Qosi'qti'n' qi'sqasha syujeti mi'nalardan ibarat: Sultamurat, Qurban, To're, Allamurat degen jigitler birigip tari' yegedi. Tari'si' pitik boladi'. Shi'g'i'r quri'p suwg'aratug'i'n bolg'annan keyin wolar gezeklesip tari'g'a qaraydi', yen' aqi'ri'nda wolar woylasi'p suwshi' jallaydi'. Bala wo'zinin' azi'g'i' menen keledi. Wolar balag'a azi'q-awqat beriwdin' worni'na qayta balani'n' so'k-taqani'n jep tawi'sadi'. Bala ashtan-ash bes-alti' ku'n ju'rgennen keyin haqi'si'n soramastan qashi'p ketedi. Balani'n' awhali'n, si'qmar jigitlerdin' islegen isin shayi'r sheber sa'wlelendirip beredi:

Bi'yi'lg'i' ji'l arpa qo'pti,
Ol balag'a sali'p yepti,
Azi'q so'gin wo'zi jepti,
Bala yi'g'lap ju'rgen yeken.

Eki mezgil berip jarma,
Wo'ler boldi' suwshi' bala,
Jurt toqshi'li'q peyli tarma,
Shunday qi'si'm yetken yeken.

Bes-alti' ku'n shi'dap baqti',
Wo'lshep berdi bi'lami'qti',
Bir ku'nleri qashi'p shi'qti',
Bala qashi'p ketken yeken.

Bunday si'qmarli'q, zuli'mli'q ashli'qtan yaki jetispewshilikten yemes, al adamlardi'n' peyli tarli'g'i'nan boladi' degen juwmaqqa keledi.

A'lbette, yumorli'q qosi'qlarda giperbolali'q su'wretlewler de ushi'rasadi'. Birinshi suwshi'dan ayri'lg'an son', wolar ja'ne bir suwshi' jallaydi'. Bul suwshi'ni'n' da ko'rgen ku'ni da'slepki suwshi'ni'n' ku'nindey boladi'. Son' wol da qashi'p ketedi.

Tamaq ishpey ku'n-tu'n qati'p,
Sa'ske waqi'tta bardi' jetip,
Eki jup nan qudayi' ayti'p,
Zordan kele bolg'an yeken. (282-bet)

Qosi’qta yumorli’q su’wretlew menen birge, ashshi’ satira bar. Sebebi ashko’z, si’qmar adamlardi’n’ sebebinen ja’miyettegi basqa qatlam wa’killeri ja’bir ko’redi.

Shayi’rdi’n’ «Yaranlar» qosi’g’i’ wo’mirde ushi’rasqan bir ku’lkili ha’diysege quri’lgan. Ilimpaz A’.Paxratdinov Ayapbergen shayi’rdi’n’ bul «Yaranlar» qosi’g’i’n «Ta’riyip» qosi’g’i’ si’yaqli’ ta’riyiplik lirikag’a jatqaradi’. Degen menen ta’riyiplik qosi’qlar wo’zine ta’n janrli’q qa’siyetlerge iye. Ta’riyiplik qosi’qlar ko’terin’ki estetikali’q sezimler tiykari’nda do’reydi ha’m woqi’wshi’larda usi’ sezimlerdi woyati’w uqi’bi’na iye boladi’. Qaraqalpaq poeziyasi’nda ta’riyip qosi’qlari’n maqtaw qosi’qlari’ dep te ju’rgiziledi. Sebebi ta’riyiplik qosi’qlarda ati’ shi’qqan suli’w qi’zlardi’, yel basqarg’an ataqli’ biylerdi, yeldin’ nami’si’n qorg’ag’an bati’rlardi’, kindik qani’ tami’p tuwi’lg’an jerin maqtani’sh penen ji’rlaydi’.

Shayi’rdi’n’ «Yaranlar» qosi’g’i’nda turaqsi’z, suyi’q minezli Qutli’murat degen jigittin’ yersi qi’li’qlari’ u’stinen ku’ledi. Ilimpazdi’n’ bul qosi’qti’ ta’riyip qosi’g’i’ dep ju’rgiziwine qosi’qti’n’ ta’riyip qosi’qlari’ si’yaqli’ baslani’wi’n tiykar yetip aladi’. Ma’selen:

Begler, ta’rip yetken Qutli’muratti’,
Xalqi’ u’sh tamg’ali’, hasli’ qi’yatti’,
Etekte yel gezip urarlar lapti’,
Ta’ripini bayan yecem, yaranlar. (260-bet)

Degen menen, bul qosi’q qatarlari’nda haqi’yqi’y maqtaw ta’riyipi yemes, al ashshi’ mi’sqi’l ironiya bar. Qosi’qti’n’ qi’sqasha syujeti to’mendegiden ibarat. Qutli’murat degen jigit jupti’si’ periyzattay suli’w Sayatxan menen a’rmansi’z da’wran su’redi. Sorko’l degen jerde suli’w qi’zdi’n’ ta’riyipin yesitip sol qi’zg’a u’ylenbekshi boladi’. Ha’tteki so’zinen-aq woni’n’ qanday adam yekenligi bilinedi.

«G’ayrati’mni’ ko’rin’ menin’ yelati’m,
G’osh jigitpen, quda bersin muradi’m,
Shul qi’zni’ almasam men ha’m bir qati’n»
Dep ha’m wo’z mali’ni’ to’kti, yaranlar.

Jigit bar bayli’g’i’n sol qi’zdi’n’ joli’na shashadi’. Qi’z benen so’ylesip, wa’deni bir jerge qoyi’p jigit qi’zdi’ ali’p qashpaqshi’ boladi’. Wa’delesken waqi’tqa qi’z jetip keledi

ha’m tan’ atqansha jigitti ku’tedi. Al Qutli’murat bolsa, wa’deni buzi’p qorqaqli’q yetip ushi’rasi’wg’a barmaydi’. Hayali’nan qorqi’p, u’yine qaytadi’. Hayali’ Sayatxan bolg’an isten a’lle qashan xabardar bolg’an. Ku’yewinin’ jag’asi’n uslap:

Shappat penen: «mine sag’an qi’z» -dedi.
«Hali’n’di’ bil, qi’zdan u’mit u’z» -dedi.

Sayatxan ku’yewin ta’wbesine tayandi’radi’. yen’ son’i’nda Qutli’murat «Qaytti’m men i’raydan, alhamdililla, Shul qi’zdi’ almayi’n wallahi’-billa» dep ant ishedi.

Shayi’r bul ha’diyseni ju’da’ ku’lkili yetip su’wretleydi woqi’wshi’ni’n’ ko’z aldi’nda waqi’ya birme-bir sa’wlelenedi ha’m yeriksiz ku’liwge ma’jbu’r yetedi. Bundag’i’ shayi’rdi’n’ maqseti Qutli’murattay turaqsi’z, shan’araqti’ woyi’nshi’q ko’retug’i’n wosamas ha’m woysi’z jigitlerdi si’ng’a ali’w ha’m wolardi’ tuwri’ jolg’a baslawdan ibarat. Ayapbergen shayi’rdi’n’ «Da’wim uli’» qosi’g’i’nda Ma’mbetnazar degen adamni’n’ yersi qi’li’qlari’ u’stinen ku’ledi. Qosi’qta ko’birek aqi’l-na’siyat basi’m, shayi’r Ma’mbetnazardi’n’ yersi qi’li’qlari’n ashi’qtan-ashi’q ayti’p, woni’ bul joldan qaytari’wg’a ha’reket yetedi.

Qartayg’anda qi’z izledin’,
Sharta’replerdi go’zledin’,
Mun’si’zg’a jaman so’zledin’,
Endi sag’an joqdur janan.
Bul du’nya ha’m wo’ter, keter,
Wo’z hali’n’di’ bilsen’ neter,
Si’rtqi’ ko’sheden qol ko’ter,
Sag’an qayda mahitaban. (270-bet)

Da’wim uli’ Ma’mbetnazar ten’gesin urlati’p ha’rkimge jala jabadi’, adamlardi’ jo’nsiz ayi’playdi’, birewdin’ hayali’na ko’z saladi’, wa’dede turmaydi’.

Mine usi’nday qa’siyetlerin shayi’r si’ng’a aladi’. Shayi’rdi’n’ «Qi’z qi’di’rg’an jigit» qosi’g’i’nda da ha’zil-da’lkek, basqi’ bar. Seytmurat degen jigit qi’z qi’di’ri’p ha’r jaqqa baradi’, biraq isi won’i’na tu’speydi. So’ytip ju’rgende gewishin umi’ti’p ketedi. worazi’mbet degen adamnan gu’manlani’p woni’ nahaqtan so’gedi. yen’ aqi’ri’nda gewishinin’ deregi basqa jaqtan shi’g’adi’.Shayi’rdi’n’ «Niyaz», «Senin’» degen yumorli’q qosi’qlari’nda da turmi’sta ushi’rap turatug’i’n ayi’ri’m adamlardi’n’ yersi ha’reketleri u’stinen ku’ledi.

Demek, milliy woyani'w da'wiri qaraqalpaq a'debiyati'nda yumor ashi'q, wo'tkir, konkret predmetke yamasa adamg'a qarati'lg'an. Shayi'rlardi'n' yumorli'q qosi'qlari' qi'zi'qli' su'wretlewleri, ha'zil-da'lkeginin' teren' tami'rlasi'wi' menen lirikani'n' basqa janrlari'nan aji'rali'p turadi'.

## III Bap. Yumor-satirali'q qosi'qlarda ko'rkem su'wretlew qurallari'ni'n' qollani'li'w wo'zgesheligi.

Ha'r qanday ko'rkem su'wretlew shi'g'armani'n' mazmuni'n ashi'p beredi. So'zlerdi awi'spali' ma'nide qollani'w poetikali'q tilge ta'n boli'p, bular so'zlerdin' qollani'li'w maydani'n ken'eytedi, mazmunli'q mag'anasi'n teren'letedi. Yumor-satirali'q qosi'qlarda tildin' ko'rkemlik mu'mkinshiliklerinen ken' paydalani'ladi'. Xali'qli'q satiradag'i' ku'shli yumor, ashshi' mi'sqi'llaw (ironiya), grotesk, sarkazm, giperbola usag'an su'wretlew qurallari'nan turaqli' qollani'ladi'. Satirali'q ha'm yumorli'q qosi'qlardi'n' tili wo'tkir, belgili bir ni'shang'a bag'darlang'an, a'shkaralawshi' boli'p keledi[1].

Demek, yumor-satirali'q qosi'qlarda ko'rkem su'wretlew qurallari' unamsi'z, adamgershilik wo'lshemlerine tuwri' kelmeytug'i'n is-ha'reketlerdi, minez-quli'qti' ashi'p beriw ushi'n qollani'ladi'.

«Ironiya (grekshe –eronia-da'lkek, mi'sqi'llaw). Belgili bir qubi'li'sti', adamni'n' minez kulqi'n mi'sqi'llaw, da'lkeklew maqsetinde qollani'latug'i'n ko'rkem su'wretlewdin' bir tu'ri»[2]. Ironiyali'q su'wretlewde si'rt jag'i'nan qarag'anda maqtap ati'rg'anday boli'p ko'ringeni menen, al astari'nda mazmuni' pu'tkilley qarama-qarsi' boli'p mi'sqi'llap ku'ledi.

[1] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасында жанрлық қәсийети ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, Билим, 2004 ж, 148-бет.

[2] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис. «Билим», 1994 ж, 88-бет

Ironiyali'q su'wretlewdin' a'jayi'p u'lgileri Ku'nxojani'n' «Qazi'ni'n' iyti», Berdaqti'n' «Toyda» qosi'qlari'nda ushi'rasadi'.

V.E. Xalizev ironiyali'q su'wretlew yumorli'q ha'm satirali'q shi'g'armalarg'a ta'n yekenligi haqqi'nda ayti'p «ironiyada teren' jasi'ri'ng'an ku'lki bar. Adamdag'i' unamsi'z qa'siyetlerdi ashi'p beriwde shegara bilmeydi» dep jazadi'[1].

Milliy woyani'w da'wiri a'debiyati'ni'n' belgili wa'killeri Annaqul, A'bdiqa'dir, Si'di'q, womar, A.Muwsaev wo'zlerinin' yumor-satirali'q qosi'qlari'nda ironiyali'q su'wretlew usi'li'nan sheber paydalang'an.

A'bdiqa'dir shayi'rdi'n' satirali'q qosi'qlari'nda ko'binese din iyelerinin' sha'riyatqa tuwri' kelmeytug'i'n namaqul isleri a'shkaralanadi'. Shayi'rdi'n' «Ustazi'm» qosi'g'i'nda si'rtqi' formasi' g'ana ulama adam, al ishki du'nyasi', yag'ni'y islegen isleri ulamag'a tuwri' kelmegen adamni'n' u'stinen ku'ledi. Shayi'r «Ustazi'm» dep wog'an si'ylasi'qli' qatnas jasag'anday ko'rinedi, biraq wonda astarli' mi'sqi'lli' ku'lki bar.

A'jeldin' dumani' tu'sse basi'n'a,
Ja'zirim yetpes ko'zden aqqan jasi'n'a,
Ka'wmi-qardashi'n'di' ji'yi'p qasi'n'a,
Bilmesen'iz u'yretedi ustazi'm. (101-bet)

Sonday-aq, Ayapbergen shayi'rdi'n' «Yaranlar» qosi'g'i' Qutli'murat degen turaqsi'z, woysi'z jigit haqqi'ndag'i' yumorli'q qosi'q. wo'zinin' hayali' bola tura, Sarko'lde bir qi'zdi'n' xabari'n yesitip, sol qi'zg'a baradi'. Qi'z benen wa'delesip, woni' ali'p qalmaqshi' boladi'. Biraq hayali'nan qorqi'p u'yine qayti'p kelip, hayali'nan tayaq jeydi. Shayi'r qosi'qti' ta'riyip qosi'qlari' si'yaqli' Qutli'muratti' «maqtap» ta'riyipin bayan yetedi. Bunda da maqtaw tuwra ma'nisinde yemes, woni' astarli' ma'nide mi'sqi'llap ku'ledi.

Begler, ta'rip yecem Qutli'muratti',
Xalqi' u'sh tamg'ali', hayali' qi'yatti',
Etekte yel gezip urarlar lapti',
Ta'riyipin bayan yecem, yaranlar.

---

[1] Хализев В.Е. Теория литературы. М. «Высшая школа» 2000. стр 79.

**Sarkazm-** (grekshe sarkasmos-qi'ynaw, azar beriw ma'nisinde) Turmi'stag'i' unamsi'z na'rselerdi wo'tkir tu'rde mi'sqi'llap, tu'yrep su'wretlewshi satirali'q usi'l. Bunday su'wretlew usi'li'nda qaharmanni'n' boyi'ndag'i' unamsi'z ha'reketler, si'rtqi' pishimge tiyisli ko'rinisler bile-go're mi'sqi'l tu'rinde bo'rttirilip, ulg'ayti'p ta ko'rsetiledi ha'm wonda si'naw, minew u'lken a'hmiyetke iye. woqi'wshi'da jerkenish sezimleri woyanadi'.[1]

A'bdiqa'dir shayi'rdi'n' «Ustazi'm» qosi'g'i'nda islegen isleri sha'riyatqa tuwri' kelmeytug'i'n ulamani'n'obrazi'n sarkazm arqali' ju'da' wo'tkirlestirip beriledi.

Wo'lige ju'resen' ta'ba'rrik woqi'p,
Taqi'wa boli'p, sha'riyattan so'z toqi'p,
Wo'tirikti ayti'p, haramnan shoqi'p,
Wo'li yemes, tirini jedin' ustazi'm.

Sizden u'yrenbey-aq heshte bir ha'rip,
Xali'q aldi'nda ustaz deymen men g'a'rip,
Shi'rri'yasan' adam demey, sen sha'rrik,
Ulamani'n' ka'rin yetpey ustazi'm.

Womar wo'zi jasag'an da'wirdegi ten'sizlik, a'dalatsi'zli'qlardi' a'shkara yetedi. Sebebi, shayi'r usi'nday a'dalaci'zli'qlardi' wo'z basi'nan keshirgen.

Miyrimsiz, ashko'z u'stem toparlarg'a degen jekko'riwshilik sezimlerin satirali'q usi'lda beredi. «Bar yeken» qosi'g'i'nda pu'tkilley adamgershilik wo'lshemlerinen shetke shi'qqan ayi'ri'm din iyelerin a'shkaralaydi'. Qosi'qta sarkazm ko'p qollani'ladi'. wonda ashi'qtan-ashi'q wolardi'n' islegen isleri minep ko'rsetiledi.

Xali'qqa jaqpastay i'ri'mdi' baslap,
Harami'li'q joli'nda kewilin xoshlap,
Eki ku'n bolmay alg'an hayali'n taslap,
A'za'zu'ldey shaytanlari' bar yeken. (119-bet)

[1] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис. «Билим», 1994 ж, 186-бет

Shayi’r su’txor jer iyelerin ayawsi’z a’shkaralaydi’. Sebebi wolar iymansi’z, jallanba miynet adamlari’ni’n’ miynetin bahalamaydi’, haqi’si’n bermeydi, pa’nt beredi.

Bayari’mni’n’ ko’rsen’ tisleri ketik,
Shug’i’lli’qta shaytan iblisten jetik.
(«Ne payda»)

Kisi jumsap paydalani’p shalqi’g’an,
Mayday jag’i’p su’yekleri balqi’g’an,
Jerdin’ mayi’n sho’mish penen qalpi’g’an,
Su’txorlarg’a sonsha azapberermen.
(«Berermen»)

Raysi Iblistey quri’ pir yeken,
A’za’zu’ldin’ ma’kani’ni’n’ biri yeken,
Si’rti’ aq ta, ishi toli’ kir yeken,
Soni’n’dayi’n maqsi’mlari’ bar yeken. (117-bet)

Jan’abay shayi’rdi’n’ bir qansha yumor-satirali’q qosi’qlari’n, biz joqari’da tallap wo’tken yedik. Woni’n’ satirali’q qosi’qlari’ turmi’sta ushi’rasatug’i’n konkret ha’diyse, waqi’ya tiykari’nda do’reydi. Ma’selen, «Qazi’ iyshan» qosi’g’i’nda yesigindegi jallanba diyxanlardi’ ashtan qaqsati’p, ayawsi’z jupsap qoyg’an Yusup iyshan haqqi’nda ayti’lsa, «Zerger» qosi’g’i’nda kisi haqi’si’n jeytug’i’n, wo’z ka’sibine qi’lapi’li’q qi’latug’i’n, wo’tirikshi, jalatay Jumamurat zergerdi a’shkara yetedi. Yeki qosi’qta da unamsi’z qaharmanni’n’ ha’reketlerin, minez-qulqi’n mi’sqi’llap ko’rsetedi.

Qay yelde daw bolsa alar haqi’n’ bar,
Zaqi’ldap so’ylegen til ha’m jag’i’n’ bar.
(«Qazi’ Iyshan»)

Sheshen’ seni mi’rri’q ku’ni tuwi’pti’,
A’ken’ seni biyzar boli’p quwi’pti’,
Ko’rgen adam haqi’m bar dep buwi’pti’,
Mudami’ wo’tirik so’yleysen’, zan’g’ar.

(«Zerger»)

Grotesk. (Italyansha grotta –jer asti’ so’zinen). Ko’rkem shi’g’armada obrazdi’ ha’dden zi’yat ti’sqari’ bo’rttirip su’wretlew grotesk dep ju’rgiziledi. Grotesk satira menen yumorg’a ju’da’ jaqi’n boladi’. Woni’n’ su’wretlegen obrazi’ ku’lkili ha’m shonti’q boli’p keledi. Ma’selen, Womar shayi’rdi’n’ «Bar yeken» qosi’g’i’nda ali’msaq, ashko’z adamni’n’ obrazi’n ha’dden zi’yat bo’rttirip satirali’q usi’lda sa’wlelendiredi.

Bergen sadaqaga kewli tolmag’an,
Jan-jag’asi’n jalmap juti’p qoymag’an,
Qasti’ yeken woni’n’ janli’q soymag’an,
Awzi’n ashqan «uralari’» bar yeken. (119-bet)

Giperbola-ulg’ayti’p ko’rsetiw, bo’rttirip ko’rsetiw. Ko’rkem shi’g’armada predmetti, sha’rayatlardi’, ko’rinislerdi, personajlardi’, wolardi’n’ is-ha’reketlerin shennen ti’sqari’ bo’rttirip ko’rsetiw giperbola dep ju’rgiziledi.

Yumor-satirali’q shi’g’armalarda giperbolali’q su’wretlewler ku’lkili obrazlardi’ ha’dden zi’yat ku’sheytip ko’rsetedi. Sebebi giperbola su’wretlenip ati’rg’an zatqa yamasa obrazg’a woqi’wshi’ni’n’ di’qqati’n ayri’qsha qarati’w ushi’n qollani’ladi’. Womar shayi’rdi’n’ yumor-satirali’q shi’g’armalari’nda ko’rkem su’wretlew qurallari’ sheber qollani’lg’an. «Biylerim bardi’» qosi’g’i’nda jawi’z, qa’ha’rli adamlardi’n’ ha’reketin ju’da’ bo’rttirip ko’rsetedi.

«Demine nan pisirip, zag’ara japqan,
Molla Dospan degen quwlari’m bardi’,»

dep su’wretleydi. Bul jerde zuli’mli’qti’n’ ha’dden zi’yat ku’sheygenin ko’rsetiw ushi’n, «demine zag’ara pisiriw» giperbolani’ wori’nli’ paydalanadi’.

**Ten’ew.** Ko’rkem shi’g’armada bir zatti’ yekinshi bir zat penen sali’sti’ri’p ko’rsetiw. A’dette ko’rkem shi’g’armalarda ten’ewler qaraqalpaq tilinde –day/dey, -tay/tey si’yaqli’ qosi’mtalardi’n’ qosi’li’wi’ arqali’ jasaladi’ ha’m wol woy-pikirdin’ obrazli’li’g’i’n, ta’sirliligin, teren’ woyli’li’g’i’n keltirip shi’g’aradi’.

Satirali’q shi’g’armalarda ten’ewler su’wretlenip ati’rg’an predmetti, ha’diyseni unamsi’z na’rselerge ten’eydi ha’m sol arqali’ woqi’wshi’da unamsi’z ta’sir qaldi’radi’.

Annaqul shayi’rdi’n’ «Saylang’an aqsaqalg’a» qosi’g’i’nda xali’qti’n’ talabi’na juwap bermeytug’i’n yel basshi’si’ni’n’ wobrazi’n ju’da’ ku’lkili yetip beredi. yel basshi’si’n ashi’qtan ashi’q kritikalaydi’.

Atqa minipsen’ sho’n’kiyip,
Pushpanday murni’n’ ta’n’kiyip,
Ari’q wo’gizdey wo’n’kiyip,
Eset geren’nin’ balasi’. (38-bet)

Begjan shayi’r «Qa’lli quw» qosi’g’i’nda shug’i’l, wo’sekshi, jalatay Qa’llinin’ obrazi’n «quwrag’an quw ag’ashqa» ten’eydi. Shi’ni’nda da, bunday ten’ew Qa’llinin’ obrazi’n ko’rkem ashi’p bere alg’an. Qa’llidey birewge jamanli’q woylaytug’i’n adamlar hesh kimge keregi joq, socialli’q wortali’qqa qosi’la almay jekkelenip qaladi’.

Womar shayi’rdi’n’ yumor-satirali’q qosi’qlari’nda ten’ewler sheber qollani’lg’an. A’sirese shayi’rdi’n’ «Gu’nayi’m» qosi’g’i’nda yesiginde jumi’s isletip, haqi’si’n bermegen woraz atali’qqa degen jek ko’riwshilik sezimi ashshi’, wo’tkir satirali’q su’wretlewler menen beriledi. Qosi’qta qollani’lg’an ten’ewler Worazdi’n’ obrazi’n ku’lkili, unamsi’z tu’rde beredi. «Gu’rkireysen’ ko’lde ju’rgen qabanday», «A’ken’ Niyaz yedi don’i’zdan semiz, Sen de sonday bolsan’ mi’sali’ wo’giz», «Qazaqi’ qaptayi’n tursan’ ti’lti’yi’p» si’yaqli’ qosi’q qatarlari’nda su’txor, jati’p isher adamni’n’ xarakterin wo’gizge, don’i’zg’a ten’eydi. Ten’ewler obrazdi’ ku’sheytiw ushi’n basqa bir ta’sirlirek zatqa ten’eydi, yag’ni’y woni’n’ si’patli’q belgisin a’bden janlandi’radi’.

Jan’abay shayi’r «Qazi’ iyshan» qosi’g’i’nda yesigindegi jallanba diyxanlarg’a ja’bir ko’rsetken qazi’ iyshanni’n’ ha’reketin bi’layi’nsha su’wretleydi.

Quwrag’an ag’ashtay shirik isin’iz,
Diyxanlarg’a jaman tu’sti jin’in’iz,

Womar ashko’z, su’txor adamlardi’n’ obrazi’n an’i’zli’q obraz Qarung’a ten’eydi.

O’zine jaqi’ndi’ haqtay qollag’an,
Qarun kibi Qarunbayi’ bar yeken.

**Metafora.** (grekshe metaphora-awi’sti’ri’w, wo’zgertiw so’zinen, meta-qaytadan, phora- ko’shiremen) zatlardi’ bir-birine megzetiwge tiykarlang’an awi’spali’ su’wretlewdin’ tu’ri. Metafora ten’ewge uqsaydi’, biraq metafora ten’ewdey yetip zatlardi’ sali’sti’rmaydi’, al

uqsatadi’, megzetedi. Ko’binese «edi, yedim, yedin’» si’yaqli’ ko’mekshi so’zler arqali’ jasaladi’.

Yumor-satirali’q shi’g’armalarda da metaforalar usi’ maqsette qollani’ladi’ ha’m ko’binese unamsi’z si’patqa iye boladi’.

Si’di’q shayi’rdi’n’ yumor-satirali’q qosi’qlari’nda metafora ju’da’ ko’rkem obrazli’ ma’nide qollani’lg’an. «A’biy sag’al» qosi’g’i’nda 63 jasqa kelip te unamsi’z na’rseler menen shug’i’llanatug’i’n A’biy sag’aldi’n’ obrazi’n ju’da’ ku’lkili yetip su’wretleydi. Tu’ni menen qon’si’si’ni’n’ ju’weri ati’zi’nan ju’werinin’ basi’n urlaydi’. Bunday adamlar tek usi’nday jen’il wo’mir su’riwdi wo’zlerine u’rdis yetken. wolarda hu’jdan, uyat, ar-nami’s degen pazi’yletler joq. Sonli’qtan da A’biyge «sag’al» degen laqap xali’q ta’repinen a’zelden-aq berilgen. Mine usi’ni’ shayi’r ju’da’ ku’sheytip obrazli’ tu’rde A’biy sag’aldi’n’ obrazi’n ku’lkili yetip beredi.

Sag’al yedin’, tu’lki boldi’n’,
Duyi’m jurtqa ku’lki boldi’n’,
Jurt aldi’nda mu’ki boldi’n’,
Biyabi’roy boldi’n’, sag’al. (85-bet)

Womar shayi’r u’stem toparlarg’a degen wo’zinin’ jek ko’riwshilik, g’a’zep sezimlerin wo’tkir, ashshi’ so’zler menen beredi «Berermen», qosi’g’i’nda zuli’m, jawi’z adamlardi’ «shayan», «ji’lan» dep ataydi’. Kisi jumsap haqi’si’n bermey, solardi’n’ arqasi’nda bayi’p woti’rg’an kisilerdi bi’layi’nsha su’wretleydi.

Jerdin’ mayi’n sho’mish penen qalpi’g’an,
Su’txorlarg’a sonsha azap berermen.

Al, ashko’z, ali’msaq adamlardi’:

Wog’an berer qara puli’n’ joq bolsa,
Si’rt ko’rseter si’rtlanlari’ bar yeken.

dep a’shkara yetedi.

Jan’abay shayi’rdi’n’ satirali’q qosi’qlari’nda da metaforani’n’ jaqsi’ u’lgileri ushi’rasadi’.

A’ken’ Na’dir suwpi’, sen boldi’n’ qazi’,
Du’nya duzag’i’na qurdi’n’ tarazi’.

Qosi’qta du’nyani’n’ duzag’i’na ta’rezi quri’w metafora wo’tkir, ko’rkem qollani’lg’an. Bunday bayli’q ji’ynawda hesh na’rseden, ha’tteki, adamgershilikti de umi’tqan adamni’n’ obrazi’ berilgen.

Naqi’l-maqallar so’zdi ko’rkemlep so’ylewdin’ baslamasi’, sebebi sheshenler, dani’shpanlar buri’ng’i’ da’wirlerden baslap pikirlerin naqi’l-maqallarg’a baylani’sti’ri’p aytqan[1]. Shi’ni’nda da naqi’l-maqallar ko’rkem shi’g’armani’n’ ko’rkemligin bayi’tadi’, pikirdin’ ta’sirshen’ligin ta’miyinleydi. Sonli’qtan da shayi’rlari’mi’z wo’z shi’g’armalari’nda naqi’l-maqallardi’ wori’nli’ jerinde paydalanadi’.

Yumor-satirali’q shi’g’armalar ja’miyettegi, adamlardag’i’, ha’diyse ha’m qubi’li’slardi’g’i’ unamsi’z jag’daylardi’n’ u’stinen ku’ledi. Bundag’i’ maqset bunday ha’reketlerdi tek si’nap, ku’liw yemes, al sol arqali’ wolardi’ tuwri’ jolg’a sali’w yamasa ta’rbiyalaw. Sonli’qtan da yumor-satirali’q qosi’qlarda didaktikali’q pikir jiyi gezlesedi. Yumor-satirali’q qosi’qlarda naqi’l-maqallar sheberlik penen paydalani’ladi’. Ha’tteki, shayi’rlardi’n’ ushi’rma so’zleri waqi’tti’n’ wo’tiwi menen obrazli’ so’z dizbeklerine aylani’p, aforizmge aylani’p ketedi. Ma’selen, Annaqul shayi’rdi’n’ «Saylang’an aqsaqalg’a» qosi’g’i’nda menmen, ta’kabbir, ha’meldi ko’tere almaytug’i’n yel basshi’si’ni’n’ obrazi’n bergen mi’na qosi’q qatarlari’ aforizmge aylani’p ketken.

«Abi’ray aqsaqal bolg’ani’n’,
Boli’s bolsan’ adam jer yen’»

Sonday-aq, Si’di’qti’n’ «Qus» qosi’g’i’nda da qollani’lg’an naqi’l-maqal qosi’qti’n’ ko’rkemliligin, ta’sirshen’ligin bayi’tqan.

Tay basqan yeken qusi’n’di’,
Quday qurti’pti’ pi’si’n’di’,
U’yrengen a’det qalama,
Ko’tere ber mushi’n’di’.

Womar shayi’rdi’n’ yumor-satirali’q qosi’qlari’ ko’rkemligi jag’i’nan ju’da’ sheber do’retilgen. Troplardi’n’ ko’pshilik tu’rleri gezlesedi.

[1] Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Н. 114-бет.

Naqi’l-maqallar da wo’z worni’nda paydalani’lg’an. «Sho’mishtin’ alasi’, ta’n’ir ba’lesi», «Qi’zi’l ko’rse joldan shi’g’i’p buzi’lg’an», «Du’nya quwsan’ jetkermeydi, do’n’geler» si’yaqli’ naqi’l-maqallar shi’g’armani’n’ ta’sirshenligin bayi’tqan.

Demek, yumor-satirali’q qosi’qlarda ko’rkem su’wretlew qurallari’ unamsi’z si’patlardi’ ku’lkili yetip beriwde xi’zmet yetedi. A’sirese, Womar shayi’rdi’n’, Si’di’qti’n’, Ayapbergennin’, A’bdiqa’dirdin’ yumor-satirali’q qosi’qlari’nda satirali’q su’wretlewde qollani’latug’i’n ironiya, sarkazm, grotesk, giperbola ko’rkem su’wretlew qurali’ si’pati’nda xi’zmet yetedi.

Sonday-aq, unamsi’z si’patqa iye metafora, ten’ew si’yaqli’ ko’rkemlew qurallari’ da sheber qollani’lg’an.

## JUWMAQLAW

Milliy woyani’w da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’nda lirikali’q janr mazmuni’ jag’i’nan bayi’di’. A’sirese, ta’riyip, didaktika, publicistika, yumor-satirali’q qosi’qlar jetekshi janrg’a aylandi’.

Yumor-satira ha’r qanday ja’miyette de ko’rkem a’debiyatti’n’ tiykarg’i’ bag’dari’ boli’p yesaplanadi’. Sebebi yumor-satirali’q shi’g’armalar da’wirdin’ ashshi’ haqi’yqatli’g’i’n si’n ko’zqarasta su’wretleydi. Satira ha’m yumor bir-birine jaqi’n bolg’ani’ menen, su’wretlew mazmuni’ jag’i’nan wolar pari’q qi’ladi’.

Satira-ko’rkem a’debiyatti’n’ barli’q tu’rlerinde ushi’rasadi’. Bunda ja’miyettegi unamsi’z qubi’li’slardi’, ha’diyselerdi, adamlardi’ satirali’q usi’lda a’shkaralap ko’rsetedi.

Milliy woyani’w da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’nda satirali’q qosi’qlar ja’miyetlik ta’rtiplerdi, insan ma’pine sa’ykes kelmeytug’i’n qubi’li’s yaki waqi’yalardi’ a’shkara yetedi. Satirali’q qosi’qlar to’mendegishe mazmunda do’retilgen.

-Satirali’q qosi’qlarda yel basshi’ni’n’ unamsi’z qa’siyetleri, xali’q ma’pine qayshi’ is-ha’reketleri ashshi’ ku’lkige ali’nadi’. Annaquldi’n’ «Saylang’an aqsaqalg’a», «Da’men’ bar ma boli’sli’qtan», «Qazi’wda», qosi’qlari’nda, A’bdiqa’dirdin’ «Jaqsi’di’», Si’di’qti’n’ «Zaman» qosi’qlari’nda mine usi’nday mazmun bar.

-XIX a’sirdin’ aqi’ri’ XX a’sirdin’ basi’nda bilim ali’wg’a degen xali’qti’n’ umti’li’wshi’li’g’i’ buri’ng’i’g’a qarag’anda a’dewir ku’sheydi. Meshit-medreseler sani’ ko’beyip, wolardi’n’ ataq-abi’royi’ biraz joqari’ boldi’. Solay bolsa da, din iyelerinin’ ishinde «Si’rti’ aq ta, ishi toli’ kir» ayi’ri’m ulamalar boldi’. Sonli’qtanda su’wreti molla, niyeti buzi’q islam sha’riyati’na tuwri’ kelmeytug’i’n namaqul islerdi wo’zlerine ka’r yetip alg’an din iyelerin a’shkaralaw satirali’q qosi’qlardi’n’ basli’ temasi’ boldi’. Bunday mazmundag’i’ qosi’qlarg’a Annaquldi’n’ «May molla», A’bdiqa’dirdin’ «Iyshani’m», «Suwpi’», «Molla Asqar», Qulmurat shayi’rdi’n’ «Ko’rin’», «Qashqi’l maqsi’mnan ji’raqqa», Womardi’n’ «Bar yeken», Qazaqbay shayi’rdi’n’ «Suwpi’» qosi’qlari’ kiredi.

-Ja’miyette iri jer iyeleri menen jallanba miynet adamlari’ni’n’ wortasi’nda ba’rqulla qarama-qarsi’li’q boli’p turg’an. Sebebi, u’stem toparlar jallanba diyxanlardi’n’ talabi’n qanaatlandi’rmag’an. Diyxanlardi’n’ miynetinen paydalani’p su’txorli’q penen bayi’g’an. Ha’tteki, wolar bayli’q toplaw joli’nda hu’jdani’nan ayri’lg’an, adamgershilik wo’lshemlerin buzg’an.

Sonli’qtan da, shayi’rlar wo’z qosi’qlari’nda bunday adamlardi’ satirali’q usi’lda a’shkaralap beredi. Ma’selen, Womardi’n’ «Gu’nayi’m», «Berermen» qosi’g’i’, Jan’abaydi’n’

«Qazi’ iyshin», A.Muwsaevti’n’ «Suwshi’ bala», «Suwshi’ ju’rmen’ler», qosi’qlari’ usi’nday mazmunda do’retilgen.

- Sonday-aq, turmi’sta ushi’rasatug’i’n ayi’ri’m materialli’q bayli’qqa iye, biraq ruwxi’y du’nyasi’ jarli’ ayi’ri’m adamlardi’n’ minez-qulqi’, ha’reketleri satirali’q usi’lda ashshi’, wo’tkir til menen su’wretlenedi.

Yumor qosi’qlari’ turmi’stag’i’ geypara qolaysi’z momentlerdi ku’lki arqali’ su’wretleydi. wol satira si’yaqli’ wonsha nishterlemeydi, biraq yekewi de turmi’stag’i’ qolaysi’z islerdi du’zetiwge qarati’lg’an. Yumor ja’miyettin’ quramali’, shiyelenisken ta’replerin sa’wlelendirmeydi, wonda turmi’stag’i’ jeke jen’il-jelpi kemshilikler, jetispewshilikler, yersi qi’li’qlar ku’lkili, ha’zil tu’rde sa’wlelenedi. Yumor ani’q, konkret predmetke yamasa adamg’a qarati’ladi’.

Begjan shayi’rdi’n’ «Eshekg’anam» qosi’g’i’nda wo’tkir ironiya, ashshi’ mi’sqi’llaw bar. Bunda Pazi’l degen pa’msiz, haram yeshekti du’nya dep bilgen adamni’n’ u’stinen a’jiwalap ku’ledi. Si’di’qti’n’ «Qus», «Sultan qaqay», qosi’qlari’, A’bdiqa’dirdin’ «Eken» qosi’g’i’, Womar shayi’rdi’n’ «La’wze bar yeken», «Qurban», «Bekpan», «Kemal», «Qi’zlar» qosi’qlari’nda jen’il yumor bar. Dayi’-jiyen wortasi’ndag’i’ ha’zil-da’lkek, basqi’ buri’nnan da’stu’r boli’p qa’liplesken. Womardi’n’ «Bekpan» qosi’g’i’nda da dayi’li’-jiyenli qari’m-qatnasi’nda u’yine kelgen qonaqti’ jaqti’rmay ku’tip alg’an Bekpanni’n’ ha’reketlerine ku’ledi.

Jan’abaydi’n’ «Gewish», «Ataxan», «Narbayg’a», «Zerger» qosi’qlari’ yumorli’q mazmung’a iye boli’p, wonda turmi’sta ushi’rag’an anaw yaki mi’naw ha’diysenin’ u’stinen ku’ledi.

A.Muwsaevti’n’ «Ko’lge qash», «Ko’lge qash, Qaljan, ko’lge qash» qosi’g’i’nda qorqaq, na’ma’rt, qopal adamni’n’ yersi ha’reketlerinin’ u’stinen ku’lse, «Yaranlar» qosi’g’i’nda shan’araqti’ woyi’nshi’q ko’rgen yesersoq, jelo’kpe, duyi’m jurtqa ku’lki bolg’an Qutli’muratti’n’ obrazi’ ju’da’ qi’zi’g’arli’ syujet arqali’ ashi’p beriledi. Bunnan basqa da shayi’rdi’n’ «Da’wim uli’», «Qi’z qi’di’rg’an jigit», «Niyaz», «Senin’» si’yaqli’ yumorli’q qosi’qlari’ bar.

Demek, yumorli’q qosi’qlar qi’zi’qli’ su’wretlewleri, ha’zil-da’lkeginin’ teren’ tami’rlasi’wi’ menen lirikani’n’ basqa janrlari’nan aji’rali’p turadi’.

Jumi’sti’n’ 3-babi’nda yumor-satirali’q shi’g’armalarda ushi’rasatug’i’n ko’rkem su’wretlew qurallari’nan ironiya, sarkazm, grotesk, giperbola, metafora, ten’ew si’yaqli’ tu’rlerin konkret ko’rkem tekstler arqali’ ani’qladi’q ha’m wolarg’a ko’rkem ilimiy tallaw jasadi’q.

Solay yetip, yumor-satirali’q qosi’qlar milliy woyani’w da’wiri qaraqalpaq a’debiyati’nda lirikani’n’ tiykarg’i’ janri’ si’pati’nda shayi’rlar do’retiwshiliginde mazmun ha’m ko’rkemliligi jag’i’nan a’dewir rawajlandi’.

## Paydalani’lg’an a’debiyatlar


1. Каримов И  Жоқары манаўият- жеңилмес күш Т. «Мәнавият» 2008
2. Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы, Н. «Қаракалпақстан» 1996
3. Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы,  (хрестоматия) Н. «Қаракалпақстан» 1995
4. Пирназаров А. XIX әсирдиң екинши ярымы XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы,  Н. «Қаракалпақстан 1997
5. Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис. «Билим», 1994 ж
6. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасында жанрлық қәсийети ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, Билим, 2004 ж,
7. Хализев В.Е. Теория литературы. М. «Высшая школа» 2000.
8. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис, «Билим», 1996 ж
9. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис,. 1995
10. Пахратдинов Ю. Қарақалпақ сатирасы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1992.
11. Әлеўов Ө. Қаракалпакстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. Нөкис. «Билим», 1993,
12. Дәўлетов Б. Қазы Мәўликтиң дөретиўшилик жолы. Кондидатлық диссертация. Автореферат. 2002
13. Пахратдинов Ю. Адам, жәмийет, сатира. Нөкис. «Қарақалпақстан»,
14. Пахратдинов Ю. Сатира әсирлер сырласы. Нөкис. «Қарақалпақстан»,
15. У Туйчиев Адабий турлар ва жанрлар. 2 жилд.тошкент 1992
16. Ҳотам Умуров. Адабиет назарияси. Самарқанд, 2001
17. Фитрат А. Адабиет қоидалари . Тошкент «Ўқитувчи» 1995
18. Каримов А. Қожықбаев А  Халық шайырлары Н. 1982

19. Авторлар Қаракалпақ әдебияты тарийхы Нөкис 1983
20. Нийетуллаев С А.Дабыловтың творчестволық жолы Н. 1972
21. Жапақов Н. А.Муўсаевтың творчествосы. Нөкис, 1961